

ADRÈS BIWO YO:

Biwo Lokal Wilmington
Depatman Travay
Divizyon Asirans Chomaj
4425 North Market Street
Fox Valley
Wilmington, DE 19802
(302) 761-8446

Biwo Lokal Newark
Depatman Travay
Divizyon Asirans Chomaj
225 Corporate Boulevard,
Suite 108
Pencader Corporate Center
Newark, DE 19702
(302) 368-6600

Biwo Lokal Dover
Department of Labor
Divizyon Asirans Chomaj
655 South Bay Road
Suite 2H
Blue Hen Corporate Center
Dover, DE 19901
(302) 739-5461

Biwo Lokal Georgetown
Department of Labor
Divizyon Asirans Chomaj
8B Georgetown Plaza
Georgetown, DE 19947
(302) 856-5611

NIMEWO LIY TELEFÒN YO:

Konte Kent/Sussex
1-800-794-3032

Konte New Castle
(302)761-6576

SIT ENTÈNÈT

<http://ui.delawareworks.com/>

LÈ BIWO YO LOUVRI

8:00 a.m. jiska 4:00 p.m.
Lendi jiska Vandredi,
Sòf Pou Konje Eta



GID POU MOUN K AP FÈ REKLAMASYON

GID OU SOU

BENEFIS

ASIRANS CHOMAJ



TANPRI PRAN SAN OU POU

LI TOUT GID SA A

Sa ki Anndan

MISYON.....	1
ENTWODIKSYON.....	1
PI GWO 10 BAGAY OU	2
LÈ W AP DEPOZE REKLAMASYON OU SOU ENTÈNÈT	3
PYÈS IDANTIFIKASYON POU PREZANTE LÈ W AP DEPOZE REKLAMASYON POU BENEFIS ASIRANS CHOMAJ AN PÈSÒN.....	4
KALIFIKASYON ENDIVIDYÈL OU.....	4
ENSKRI EPI PATISIPE NAN SÈVIS KI OBLIGATWA AK DIVIZYON TRAVAY AK FÒMASYON AN... 6	6
OU DWE TOUJOU AP CHÈCHE TRAVAY	7
PERYÒD ATANT YON SEMÈN.....	8
RETOUNEN NAN TRAVAY.....	8
BAY TOUT REVNI	9
KONTWÒL KALITE.....	10
PEMAN POU SIPÒ TIMOUN	10
FÈ KONNEN SI W CHANJE ADRÈS.....	11
AVI MOUN K AP FÈ REKLAMASYON AN POU DI LI RESEVWA DWA AK RESPONSABLITE BENEFIS YO.....	11
REKOUPMAN POU PEMAN KI TWÒP	12
TRAVAY ENDEPANDAN.....	12
PERYÒD REFERANS.....	13
GID RAPID POU KALKILE BENEFIS OU YO	13
LAJAN W KALIFYE POU RESEVWA.....	14
ANPLWAYE FEDERAL SIVIL.....	15
ANPLWAYE MILITÈ.....	15
TABLO KANTITE BENEFIS CHAK SEMÈN	16
JAN POU DEPOZE REKLAMASYON POU PEMEN BENEFIS CHAK SEMÈN OU.....	19
JAN POU DEPOZE REKLAMASYON POU BENEFIS CHAK SEMÈN OU YO.....	19
TELEBENEFITS	20
WEBBENEFITS.....	21
DETÈMINASYON KONBYEN LAJAN W AP TOUCHE	22
RETE KALIFYE PANDAN W AP RESEVWA BENEFIS OU YO	25
PEMAN POU BENEFIS YO.....	25
DEPO DIRÈK.....	25
KAT DEBI	27
DWA POU FÈ APÈL	27
RESPONSABLITE POU PEYE TAKS SOU BENEFIS YO.....	30
AKWONIM ASIRANS CHOMAJ ITILIZE SOUVAN.....	31
JOURNAL RECHÈCH TRAVAY	32
KALANDYE SALÈ	34
W AP JWENN VIDEYO KI BAY ENFÒMASYON SOU ENTÈNÈT NAN:.....	36

REMAK



MISYON

Misyon Divizyon Asirans Chomaj Delaware ("Divizyon" an) gen twa pati: (1) pou ede ankouraje ekonomi a rete estab ak kontinye devlope nan tout eta a kote yo ofri travayè ki vin nan chomaj san se pa fòt yo yon pati nan lajan yo t ap fè a tanporèman ak rekòmandasyon nan sèvis pou moun ki p ap travay oswa pou ede yo jwenn travay ankò; (2) pou garanti gen ase finansman pou peye benefis asirans chomaj ak koleksyon taks nan men anplwayè yo; epi (3) pou kontribye nan devlopman yon mendèv ki kalifye kote y ap kolekte yon taks pou fòmasyon nan men anplwayè nan tout eta a pou finanse fòmasyon travayè yo deplase, moun k ap soti lekòl pou al travay, fòmasyon endistriyèl, ak lòt fòmasyon.

ENTWODIKSYON

Asirans Chomaj [Unemployment Insurance (UI) an angle] te kreye pou bay moun ki kalifye ki p ap travay yo san se pa te fòt pa yo, epi ki t ap jwenn travay ki apwopriye si te genyen. Kontrèman ak asistans piblik, UI se yon pwogram asirans epi ou pa **bezwen pwouve yon bezwen pou asistans pou touche li**. UI menm jan ak lòt kalite asirans yo. Nan tout eta, anplwayè yo peye yon taks pou pwoteje yo kont chomaj ki pa volonte yo. Pifò anplwayè oblije peye taks sa a. Lè ou travay pou yon anplwayè kisa, ou gen "travay pwoteje," epi salè ou yo se "salè pwoteje." Benefis asirans chomaj ou a baze sou salè sa yo. Menm jan ak nenpòt lòt asirans, UI gen sèten egzijans ou dwe satisfè si ou ka touche benefis sa yo. Tout tranzaksyon chomaj sa yo gen yon limit tan. Gen lwa ak règ ki etabli egzijans sa yo epi se Divizyon an ki administre yo.

Gid sa a te fè pou eksplike ou dwa ak responsablite ou genyen sou Lwa Konpansasyon Chomaj Delaware an. **Rezon li se pou ba ou enfòmasyon epi ou pa dwe konsidere li tankou lalwa.**

Gid sa a dwe reponn anpil kesyon ou kapab genyen sou jan pou depoze yon reklamasyon pou benefis. Men, si ou gen kesyon ki pa kouvri sou paj sa yo, tanpri kontakte Biwo Lokal Asirans Chomaj ou a (nimewo telefòn yo nan lis ki sou kouvèti paj la).

Tanpri li gid sa a ak anpil atansyon epi li tout sa ki ladan

Pi Gwo 10 Bagay Ou Dwe Konnen Sou Sistèm Asirans Chomaj la Lè ou Ap Depoze Reklamasyon ou la:

**Asirans
Chomaj (UI) bay lajan
tanporèman ba moun
ki te pèdi travay yo
san se pa te fòt yo epi
ki kontinye satisfè
egzijans lwa eta a.**

**Pwogram UI la pa
peye tout moun ki
pèdi travay yo
benefis.**

**Pa bliye gwo dis
bagay sa yo lè ou
depoze yon
reklamasyon pou
benefis UI pou ou gen
garanti ou ap touche
egzakteman kantite
benefis ou a byen vit.**

**Pou plis enfòmasyon,
tanpri vizite, oswa
rele biwo chomaj
lokal ou a.**

Nou la pou ede.

1. **Mete Klè Pou Ki Rezon Ou P Ap Travay.**
Mete ak presizyon rezon ou pa nan travay ou a ankò premye fwa ou depoze reklamasyon ou pou resevwa benefis.
2. **Mete Nenpòt Lajan W Ap Touche.**
Ou dwe mete kantite lajan ou ap touche **AVAN TOUT DEDIKSYON** pou chak semèn ou travay. Mete **TOUT** lajan ou ap touche - ansanm ak travay a tan pasyèl ak travay tanporè.
3. **Enskri ak Divizyon Travay ak Fòmasyon an.**
Ou **DWE** enskri ak Divizyon Travay ak Fòmasyon an pou ou kalifye pou touche benefis UI amwenske ou kalifye pou yon egzansyon ki ra.
4. **Disponib Pou Travay.**
Pou ou ka resevwa benefis yo, ou **DWE** kontinye ap verifye ou kapab, disponib, epi gen volonte pou aksepte travay ki apwopriye sinon y ap refize ba ou benefis yo.
5. **Kontinye Chèche Travay.**
Ou **DWE** chèche travay pou chak semèn oswa y ap refize ba ou benefis yo.
6. **Devlope Yon Bon Plan Pou Chèche Travay.**
Kontakte Divizyon Travay ak Fòmasyon an pou ede ou planifye yon bon plan pou chèche travay.
7. Evite Erè Pou Touche Benefis Yo Ou San Pwoblèm.
Pou evite erè ki ka fè ou touche twòp, li tout enfòmasyon nou ba ou yo.
8. **Pa Mize - Kou ou Kòmanse Travay Ankò, Fè Konnen Ou Retounen Travay.**
Kou ou Kòmanse Travay, kontakte Biwo Chomaj la pou di yo sa. Pa tann jiskaske ou resevwa premye chèk ou.
9. **Respekte Règ Yo Pou ou Pa Komèt FWOD.**
Nenpòt moun k ap touche benefis UI responsab legalman pou respekte règle yo. Si ou pa respekte règle yo ka gen gwo konsekans pou sa.
10. **Konnen Responsablite ou Yo Epi Mande Èd.**
Li ka yon tèt chaje pou navige nan sistèm UI la. Si ou gen yon kesyon, kontakte Biwo Chomaj la, nou la pou ede.

Gen de fason ou ka depoze reklamasyon pou asirans chomaj (UI) ou a...

Sou entènèt nan: <http://ui.delawareworks.com> oswa an pèsòn nan biwo lokal yo

LÈ W AP DEPOZE REKLAMASYON OU SOU ENTÈNÈT

Divizyon an ba ou chwa pou depoze nouvo reklamasyon ou oswa reklamasyon ou ap relouvri pou benefis UI sou entènèt:

OU KAPAB ITILIZE CHWA SA A SI OU:

- Se yon travayè Delaware ki p ap travay
- Yo redwi sou èdtan ou ap travay
- **Te travay sèlman nan Delaware pandan 18 mwa ki te pase avan yo**

OU PA KAPAB ITILIZE CHWA SA A SI OU:

- Ap depoze yon pati nan reklamasyon ou lan ak fich pasyèl/ba travay ou te ba ou
- Ap depoze reklamasyon an kont yon ansyen anplwayè militè
- Ap depoze reklamasyon an kont yon ansyen anplwayè federal sivil
- Pa yon sitwayen ameriken
- Te travay nan yon lòt eta 18 mwa ki te pase avan yo
- P ap viv Ozetazini
- Ap depoze reklamasyon pou benefis pwolonje tankou EUC (Konpansasyon ljan Pou Chomaj) oswa EB (Benefis Pwolonje)

SI NENPOT NAN EKSEPSYON SA YO GEN POU WÈ AK OU, OU DWE ALE NAN BIWO KI PI PRE W LA POU DEPOZE REKLAMASYON W LA AN PÈSÒN. LÈ W ALE NAN BIWO KI PI PRE W LA, PA BLIYE POTE PYÈS IDANTIFIKASYON APWOPRIYE YO MANDE NAN LIS KI NAN PAJ KI VINI APRE A.

KI ENFÒMASYON W AP BEZWEN DISPONIB POU DEPOZE REKLAMASYON W LAN SOU ENTÈNÈT?

- Nimewo sekirite sosyal ou
- Non, adrès ak nimewo telefòn tout kote ou te travay nan 18 mwa. ki te pase avan yo
- Non ak nimewo lokal biwo sendika ou, si ou genyen youn.
- Yon nimewo telefòn kote nou ka kontakte w
- Lisans chofè eta a te ba ou oswa yon kat idantifikasyon ou te fè nan biwo ajans yo bay lisans pou kondwi yo

OU FIN SANBLE TOUT ENFÒMASYON WYO, KI JAN POU W KÒMANSE?

- Konekte sou sit entènèt Depatman Travay la <http://ui.delawareworks.com/>
- Chwazi "File a New or Reopened Claim Online" (Depoze yon nouvo reklamasyon oswa reklamasyon ou ap relouvri) sou "Services" (Sèvis) sou bò goch ekran òdinatè ou la
- Pa bliye pran san ou pou ou li tout enfòmasyon yo, epi klike sou "agree" (dakò), kote li apwopriye, apres a klike sou "Start My Claim Now" (Kòmanse reklamasyon m nan kounye a)

KIJAN W AP FÈ KONNEN SI REKLAMASYON W NAN TE TRETE SAN PWOBLÈM?

- W ap resevwa yon nimewo konfimasyon pou swiv reklamasyon ou nan
- Si ou pa resevwa yon nimewo konfimasyon, yo POKO trete reklamasyon ou nan
- Enprime paj konfimasyon an pou dosye ou oswa ekri nimewo konfimasyon an paske ou ka bezwen bay nimewo sa a si ou gen nenpòt kesyon ou reklamasyon ou lan

**** Tanpri li epi swiv sa yo di ou pou fè lè ou ap depoze reklamasyon lan sou entènèt. Fè atansyon ak TOUT deklarasyon ki mande ou pou ou "dakò" yo. ****

PYÈS IDANTIFIKASYON POU PREZANTE LÈ W AP DEPOZE REKLAMASYON POU BENEFIS ASIRANS CHOMAJ AN PÈSÒN

OU **DWE** BAY YOUN NAN GWROUP PYÈS IDANTIFIKASYON KI ANSANM PI BA A LÈ W AL DEPOZE REKLAMASYON POU BENEFIS UI AN PÈSÒN NAN:

- Kat Sekirite Sosyal (SS) & Lisans Chofè (dapre lwa federal, li ka yon lisans valid ki soti nan nenpòt eta)
- Kat Sekirite Sosyal (SS) & Kat Idantite Eta a ak Foto ou (dapre lwa federal, li ka yon kat idantite valid ak foto ou ki soti nan nenpòt eta)
- Kat SS ak Paspò
- Kat SS ak Kat Idantite Militè
- Lisans Chofè oswa Paspò ak "nenpòt dokiman ofisyèl ki gen tout nimewo SS ou sou li"
- Kat Idantite Eta a ak Foto ou ak "nenpòt dokiman ofisyèl ki gen tout nimewo SS ou sou li"

***Nenpòt dokiman ofisyèl ak tout nimewo SS ou sou li" kapab yon Fòm W-2 oswa yon chèk travay ak lòt dokiman konsa. ***

Si yo pase nenpòt nan dokiman sa yo nan yon aparèy pou otantifye yo epi yo "echwe", y ap pran reklamasyon ou lan, men l ap "an atant" jiskaske ou ka bay yon lòt dokiman akseptab ki "pase" tès yo pase li nan aparèy la. Pa egzanp, si ou bay yon kat Sekirite Sosyal ak yon lisans chofè, men lisans chofè a "echwe" tès yo pase li nan aparèy la, ou ap **oblige** bay yon kat idantite eta a te ba ou, yon paspò, oswa yon kat Idantite militè ki "pase" tès la. Ou dwe retounen avan twa (3) jou ouvrab pou pwoteje dat reklamasyon ou lan. Apre twa (3) jou ouvrab pase y ap anile reklamasyon an epi ou dwe rekòmanse.

KALIFIKASYON ENDIVIDYÈL OU

ENPÒTAN

Dat reklamasyon chomaj ou a ap antre an vigè se dimanch menm semèn ou te depoze reklamasyon ou nan. Donk, ou dwe depoze reklamasyon ou lan pi vit posibil ap travay.

Pou ou kalifye pou UI ou dwe:

P AP TRAVAY SAN SE PA FOT PA OU

Ou dwe pèdi yon pati nan travay ou oswa tout travay ou nèt san se pa fòt ou.

KAPAB AK DISPONIB POU TRAVAY

Ou dwe kapab travay epi disponib pou travay. Men, si ou vin malad oswa andikap apre ou te depoze reklamasyon UI ou a epi ou deja ap touche, ou kapab kontinye touche benefis yo amwenske ou refize yon travay ki apwopriye oswa yon travay ki disponib pou ou. Si ou reklame benefis pandan ou malad oswa andikape, ou dwe bay yon sètifika doktè epi satisfè tout egzijans pou pwogram nan.

KONTINYE CHÈCHE TRAVAY

Ou dwe toujou ap chèche travay. Menmsi ou enskri pou resevwa asistans pou chèche travay nan yon biwo piblik pou chomaj sa pa ase. Ou dwe deyò a ap chèche travay epi anrejistre nouvo kontak chak semèn sou "journal rechèch travay" ki sou do gid sa a. Yo dwe kapab verifye ak kontwole kay rechèch ou a nenpòt lè.

KALIFIKASYON ENDIVIDYÈL OU (SWIVI)

ZAFÈ SEPARASYON

Si gen yon pwoblèm kalifikasyon, tankou rezon ou pa nan travay la ankò, fòk pwoblèm nan rezoud avan ou ap ka touche benefis yo. Yo ka voye yon kesyonè sou rezon ou pa nan travay la ankò pa lapòs si ou te depoze reklamasyon an sou entènèt. W ap oblije ranpli kesyonè a epi retounen li bay Divizyon an avan 10 jou apre dat yo poste li ba ou a. Si ou depoze reklamasyon ou la an pèsòn, ou ap oblije ranpli kesyonè a lè ou ap fè reklamasyon an.

Ou dwe kontinye rele "TeleBenefits" oswa ale sou "WebBenefits" sou entènèt la pou reklame benefis chak semèn ou yo jiskaske pwoblèm nan rezoud. Si yo deside ou kalifye pou resevwa benefis, se sèlman pou semèn ou te fè reklamasyon byen jan yo egzije epi ou kalifye yo ou ap touche.

YO KAPAB REFIZE BA W BENEFIS YO

- Si ou pa kapab travay oswa pa disponib pou travay;
- Si ou pa toujou kontinye chèche travay;
- Si ou toujou nan travay ou a;
- Si ou kite travay ou san yon bon rezon ki gen pou wè ak travay ou a;
- Si yo revoke ou pou yon bagay ou te fè nan travay la - tankou paske ou te ale an reta, ou pa te vini travay epi ou pa gen yon bon rezon pou sa, oswa pa te respekte règ konpayi a;
- Si ou enskri nan yon pwogram edikasyon ki limite kapasite ou pou travay;
- Si ou p ap travay paske ou gen yon angajman ak yon prizon;
- Si ou refize aksepte yon travay ki apwopriye pou ou epi ki peye pri jeneral pou kalite travay sa a;
- Si ou mete limit egzajere sou kalite travay la, kantite èdtan ak kantite lajan ou ap aksepte;
- Si ou p ap travay paske gen yon dispit travay;
- Si ou se yon anplwaye ki nan vakans lekòl;
- Si ou pa patisipe nan sèvis pou ede moun twouve travay ankò;
- Si pa reponn yon demann nenpòt pati nan Divizyon an te fè;
- Si ou pa ale nan biwo lokal la jan yo mande a; oswa
- Si ou pa rele Liy Telefòn enfòmasyon an (TeleBenefits) oswa ou pa itilize sit entènèt la (WebBenefits) pou depoze byen reklamasyon ou chak semèn pou peman benefis UI jan yo egzije a.

KALIFIKASYON ENDIVIDYÈL OU (SWIVI)

ENSKRI EPI PATISIPE NAN SÈVIS KI OBLIGATWA AK DIVIZYON TRAVAY AK FÒMASYON AN

Ou oblije enskri ak Divizyon Travay ak Fòmasyon an [Division of Employment and Training (DET)] avan twa (3) jou ouvrab apre ou fin depoze reklamasyon ou lan (amwenske Divizyon an di ou yon lòt bagay) epi ou dwe kenbe enskripsyon sa a aktif pandan ou ap touche benefis UI yo. Kèk nan diferan pwogram DET administre yo se:

Pwogram Sèvis Pou Retounen Travay [Reemployment Services (RES)]

Pwogram Sèvis Pou Retounen Travay (RES) la se on inisyativ ki lap ou bay sèvis sant karyè ki solid pou moun ka p reklame benefis pou UI k ap resewa benefis UI. Lemoman yo chwazi yon moun k ap reklame benefis, DET ap voye yon lèt bay moun sa a pou di li pou l ale nan randevou RES la. Si moun k ap reklame benefis la rate randevou RES la y ap bay li yon lòt randevou ak yon lòt opòtinite pou itilize sèvis yo ofri yo. Men, si moun k ap reklame benefis yo chwazi a rate plis pase yon randevou, li dwe pase yon "tan klas" 10 èdtan ak DET pou jwenn yon lòt randevou. ***Yo ka refize bay yon moun k ap reklame benefis UI li yo pou nenpòt randevou RES li rate.***

Pwogram Evalyasyon Pou Retounen Travay ak Kalifikasyon [Reemployment and Eligibility Assessment (REA)]

Pwogram Evalyasyon Pou Retounen Travay ak Kalifikasyon (REA) a se yon inisyatif ki la pou ede moun k ap k ap fè reklamasyon k ap touche benefis UI yo retounen travay pi vit. Yo konfime si moun nan k ap fè reklamasyon an vrèman ap chèche travay kòm yon pati pwosesis REA a tou. DET bay moun k ap fè reklamasyon yo resous pou itilize pou chèche travay, epi tou li verifiye enfòmasyon ki nan lis jounal rechèch travay yo a. ***Yo ka refize bay yon moun k ap reklame benefis li yo pou nenpòt seyans REA li rate.***

Pwogram Pwofil

Chanjman nan teknoloji ak komès entènasyonal te kreye chanjman nan ekonomi ameriken an epi, sa te vin lakòz chanjman nan mache travay la. Travayè ki t ap travay nan izin ki fèmen, oswa ki gen konpetans yo pa bezwen ankò kapab pèdi travay yo epi pa ka jwenn travay nan domèn nan. Pwogram Pwofil la te kreye pou minimize konsekans sa yo nan mendèv la epi ede moun yo jwenn yon bon travay.

Lwa Piblik 103-152 di tout eta dwe "sanble enfòmasyon" sou moun k ap fè reklamasyon UI pou asistans pou chèche travay. Yo dwe fè pwofil tout moun k ap fè reklamasyon UI la ak enfòmasyon yo te resewa lè li t ap depoze reklamasyon pou benefis yo. Ak enfòmasyon sou kote moun k ap fè reklamasyon an te travay deja, Divizyon an ap deside si li kalifye pou patisipe nan pwogram nan ou pa. Apre sa y ap itilize yon pwosesis seleksyon owaza ak moun ki kalifye yo pou deside ki moun k ap patisipe nan "Pwogram Pwofil" la.* Si yo chwazi w, l ap **obligatwa** pou ou patisipe.

Se Divizyon an ak DET k ap administre Pwogram Pwofil la ansanm -- de nan divizyon Depatman Travay Delaware k ap ede moun ki nan chomaj.

KALIFIKASYON ENDIVIDYÈL OU (SWIVI)

PATISIPASYON NAN PWOGRAM PWOFIL LA:

Si yo chwazi ou pou patisipe nan Pwogram Pwofil la, ou ap resevwa yon lèt notifikasyon k ap eksplike ou plis detay sou pwogram nan.

Si yo chwazi ou pou patisipe:

- Divizyon an ak DET ak dedye resous ak manm ekip yo an plis pou devlope yon bon plan pou ba ou plis opòtinite pou jwenn yon bon travay.
- Ou oblije toujou kalifye pou resevwa benefis UI epi patisipe nan aktivite sa, paske ou ap bezwen yo, nan efò pou ou retounen travay.


Si ou pa patisipe nan okenn tè s ak fòmasyon/pwogram Divizyon Travay ak Fòmasyon an egzije, yo kapab refize ba ou benefis UI yo.

OU DWE TOUJOU AP CHÈCHE TRAVAY

Pou ou kalifye pou resevwa benefis yo ou ap bezwen montre ou te fè efò rezonab pou jwenn travay chak semèn. W ap oblije fè omwen **yon nouvo kontak rechèch travay chak semèn**, epi bay non, adrès konpayi ou t al chèche travay la, kalite travay ou t al chèche, rezilta kontak la ak dat la lè ou al depoze reklamasyon pou benefis chak semèn ou yo. Menm si souvan li nesèsè pou retounen nan yon konpayi ou te kontakte pou travay deja, ou **dwe** fè yon **nouvo** kontak travay chak semèn tou. Si ou oblije chèche travay pandan yon semèn, epi ou pa fè sa, ou p ap kalifye pou resevwa benefis pou semèn sa a.

Lè ou fè reklamasyon pou benefis UI chak semèn ou yo nan TeleBenefits oswa WebBenefits, ou ap bezwen bay enfòmasyon sou dat ou t al chèche travay la.

W ap oblije ranpli yon jounal Rechèch travay chak semèn ou ap resevwa benefis UI. Divizyon an ap revize jounal sa a regilyèman. Si ou pa ranpli jounal sa a yo kapab refize ba ou benefis yo (gade "Jounal Rechèch Travay" sou paj 31).



PERYÒD ATANT YON SEMÈN KESYON MOUN POZE SOUVAN

Kisa pwogram atant la ye?

Dwe gen yon **Peryòd Atant** yon semèn chak ane ou reklame benefis avan ou ap ka touche benefis UI yo. Ou dwe depoze reklamasyon apwopriye pou yon semèn peryòd atant, satisfè tout sa yo egzijè pou ou kalifye pou semèn sa a epi pa gen okenn lajan an plis ou ap touche pou semèn sa a pou yo ba ou kredi pou peryòd atant yon semèn ou a. Ou p ap benefis pou peryòd atant yon semèn nan.

Kilè peryòd atant la ap antre an vigè?

Peryòd atant yon semèn nan ap antre an vigè ak tout reklamasyon ane benefis kòmanse 5 janvyè, 2014.

Konbyen peryòd atant ki ka posib nan yon ane benefis?

Yon moun k ap fè reklamasyon ap bezwen sèvis yon semèn peryòd atant chak ane reklamasyon pou benefis.

Si kote ou ap travay la voye ou chita lakay ou plizyè fwa pa ane, èske ou ap bezwen sèvi yon semèn atant chak fwa yo voye ou chita lakay ou?

Non, se yon sèl semèn peryòd atant ki genyen chak ane benefis pa reklamasyon.

Kilè ou dwe depoze demann ou pou premye benefis chak semèn yo? Eske ou dwe tann jiskaske peryòd atant yon semèn nan fini?

PIGA OU TANN pou depoze demann pou benefis chak semèn ou a. Depoze reklamasyon pou benefis ou yo chak semèn kòmanse ak premye semèn reklamasyon ou lan. Ou dwe fè yon demann ki apwopriye epi satisfè tout egzijans pou kalifye epi ou pa gen okenn lajan ou ap touche an plis pou semèn yo dwe ba ou kredi pou peryòd yon semèn atant la.

Eske peryòd atant sa a ap redwi maksimòm kantite benefis ki pèmèt la?

Non, peryòd atant yon semèn nan pa afekte maksimòm kantite yon moun k ap fè reklamasyon ka resevwa.

E si ou depoze yon reklamasyon paske yo redwi kantite èdtan ou travay, èske semèn sa a konte pou peryòd atant ou a?

Wi, depi ou kalifye pou resevwa nenpòt peman pou benefis, ansanm ak yon kantite ki redwi, semèn sa a ap konte pou peryòd atant yon semèn ou a depi ou satisfè tout egzijans pou kalifye yo.

RETOUNEN NAN TRAVAY

Si ou retounen travay pou **tan konplè**, benefis ou yo ap fini **premye jou ou al travay** la, menm si se jis pita ou touche. Ou kapab kalifye pou resevwa yon peman pasyèl pou semèn ou retounen travay la, dapre jou ou retounen travay la. Ou dwe di sou ki sitiyasyon ou retounen travay sou demann reklamasyon chak semèn ou an epi mete kantite ou ap touche avan yo retire taks ak tout lòt dediksyon pandan semèn benefis la. (Gade "Kalandriye Salè" sou paj 33 gid sa a). **Kou ou mete sou demann reklamasyon chak semèn ou an ou te retounen travay, ou DWE ale nan biwo lokal la pou depoze yon lòt reklamasyon oswa relouvri youn sou entènèt nan <http://ui.delawareworks.com> nan semèn ki vini apre a pou di ou vin nan chomaj oswa ap travay mwens tan pou ou ka kalifye pou touche benefis an plis.**

RETOUNEN NAN TRAVAY (SWIVI)

Si ou retounen travay pou **tan pasyèl**, oswa ou ap depoze yon reklamasyon pou **tan redwi**, epi lajan ou ap touche a depase salè yo pèmèt la, ou **ap oblije ale nan biwo lokal ou a pou relouvri reklamasyon ou lan oswa relouvri youn sou entènèt**. Menm jan an, si ou ap travay pou tan pasyèl oswa tan redwi epi ou gen yon semèn kote ou pa travay epi ou pa touche, ou **ap bezwen relouvri reklamasyon ou lan an pèsòn nan biwo lokal la oswa relouvri youn sou entènèt**.

Si ou retounen travay pou **tan pasyèl**, ou dwe kontinye chèche travay tan konplè, di nou tout lajan ou ap touche avan rediksyon jan li egzije a, epi satisfè egzijans ou kalifye yo.

Separasyon ak nenpòt travay, tan pasyèl ou tan konplè, ka afekte kalifikasyon ou epi ou DWE fè konnen sa touswit.

Pou èd sou jan pou bay salè ou avan dediksyon, tanpri gade "Kalandriye Salè" sou paj 33.

BAY TOUT REVNI ENFÒMASYON OU DWE KONNEN SOU JAN POU BAY SALÈ W

KISA SALÈ YE?

Salè se tout lajan ou ap resevwa pou:

- **Travay ou te fè**
- **Komisyon**
- **Boni oswa poubwa**
- **Peman pou konje**
- **Peman apre yo revoke w**
- **Ranbousman**
- **Peman pou aksidan nan travay oswa lòt andikap**

ÈSKE W DWE BAY SALÈ W AVAN DEDIKSYON?

Wi, ou dwe bay salè ou avan dediksyon lè ou depoze reklamasyon pou premye semèn benefis ou yo sou TeleBenefits oswa WebBenefits **nan semèn ou te travay pou yo a, pa lè ou touche a**.

Salè avan dediksyon se kantite lajan ou touche **avan** yo retire taks ak nenpòt lòt dediksyon. Ou dwe bay tout kote ou ap travay ak tout lajan ou ap touche pou travay sa yo ak dat ou te **travay** pou lajan an men pa lè ou ap resevwa chèk ou. Benefis ou yo ap kanpe premye jou ou travay la si ou retounen travay tan konplè menm si se jis pita ou touche. Ou kapab bezwen kalkile salè ou touche pa èdtan avan dediksyon ou menm pou ou ka bay yo lè ou rele TeleBenefits oswa lè ou mete enfòmasyon an sou entènèt nan WebBenefits, si ou pa gen yon deklarasyon peman oswa semèn ou travay la pa menm ak semèn reklamasyon ou lan. (Gade "Kalandriye Salè" sou paj 33 pou ede ou kalkile salè ou chak semèn.

BAY TOUT REVNI (SWIVI)

POUKISA OU BEZWEN BAY SALÈ W?

Paske se lalwa epi Depatman Kontwòl Peman Benefis Divizyon an fè verifikasyon tout reklamasyon epi li konpare salè ou di ou touche yo ak salè kote ou ap travay la di li peye ou pandan menm peryòd la. Epi tou divizyon an gen aksè nan enfòmasyon nouvo anplwaye konpayi k ap bay travay yo, yon sistèm kote yon anplwayè bay enfòmasyon sou moun ki fenk anplwaye. Ap gen yon envestigasyon si yon anplwayè di oswa bay rapò ki diferan ak enfòmasyon oswa salè ou te bay yo.

KISA K AP PASE SI MWEN PA BAY SALÈ MWEN?

W ap responsab pou peye benefis ou te resevwa yon fason ilegal yo ak 18% enterè chak ane ak yon tarif penalite 15%, sou balans fwod la, si yo dekouvri ou t ap touche benefis yo yon fason ilegal. An plis, diskalifye pou resevwa benefis UI pou yon ane. An plis, yo kapab pouswiv li pou krim nan, epi ou ka gen plis penalite ak posiblite pou ale nan prizon. W ap responsab pou remèt lajan benefis ou te resevwa, men pa te gen dwa touche, menm si yo pa dekouvri okenn fwod.

BAY TOUT PEMAN POU PANSYON, RANT, ANDIKAP, EKSETERA

Ou oblije bay tout peman ou ap resevwa pou pansyon, rant, oswa peman ou sipoze resevwa regilyèman ak/ou chanjman nan peman sa yo paske yo kapab retire yon kantite nan benefis UI ou resevwa chak semèn yo. Peman ou resevwa ou sipoze fè konnen gen ladan yo:

- Pansyon Gouvènman Eta ak Lokal
- Pansyon Travay Militè
- Pansyon Retrèt Militè
- Rant Retrèt Ray Fè
- Pansyon Sèvis Sivil Federal, ansanm ak Pansyon Retrèt Andikap
- Pansyon Sendika
- Pansyon Retrèt Andikap Militè
- Benefis ou resevwa pou Plan IRA ak Keogh
- Konpansasyon Pou Aksidan Travay
- Peman Pou Andikap Akoutèm ou Alontèm

KONTWÒL KALITE

Divizyon an ap administre yon sistèm kontwòl kalite pou evite erè ak fwod nan pwogram UI la. Gen yon envestigasyon owaza sou kèk reklamasyon ki fè chak semèn pou verifye si yon peman pou yon moun k ap fè reklamasyon legal. Pandan peryòd reklamasyon ou lan, yo kapab chwazi li pou envestige. Si sa ta rive, ou ap oblije rankontre ak on envestigatè epi ranpli yon kesyonè sou reklamasyon ou lan. Sistèm kontwòl kalite a te etabli dapre yon manda Depatman Travay ak Administrasyon Fòmasyon.

PEMAN POU SIPÒ TIMOUN

Si ou oblije peye sipò pou timoun atravè Divizyon Aplikasyon Sipò Timoun nan, yo kapab fè yon dediksyon sou benefis UI ou yo. Si genyen nenpòt erè nan dediksyon an ou dwe kontakte Reprezantan Sèvis kliyantèl Divizyon Aplikasyon Sipò timoun nan (302)577-7171

FÈ KONNEN SI W CHANJE ADRÈS

Ou dwe bay tout chanjman nan adrès ou sou yon dokiman ou **ekri ak siyen** (oswa an pèsòn ak prèv idantifikasyon) ak **nimewo sekirite sosyal ou ak dat ou ap demenaje** a bay biwo lokal kote ou te depoze reklamasyon ou lan.

Si ou kite zòn lokal ou a, tanpri ale nan NOUVO biwo lokal ou a. Si ou al rete nan yon diferan eta, ou ap bezwen relouvri reklamasyon ou lan tankou yon reklamasyon ant eta, pou fè sa rele "sant apèl" nan nouvo eta ou rete a epi lè sa a ou ap bezwen bay chanjman adrès ou a.

Si ou pa bay chanjman adrès ou a sa kapab gen yon konsekans sou kalifikasyon ou pou benefis UI.

REMAK ENPÒTAN

Yo p ap transfere lè Depatman Travay voye ba ou. Sa vle di, se responsablite ou pou mete nouvell adrès ou ajou ak Divizyon an touswit.

AVI MOUN K AP FÈ REKLAMASYON AN POU DI LI RESEVWA DWA AK RESPONSABLITE BENEFIS YO

Avan ou kòmanse touche benefis UI yo ou ap bezwen li epi siyen deklarasyon sa a ki di ou Rekonèt dwa ak responsablite ou yo:

Mwen konprann si, apre mwen fin touche benefis asirans chomaj, yon ofisye reklamasyon, jij apèl Komite Apèl Asirans Chomaj la, oswa yon Tribinal detèmine mwen pa te gen dwa resevwa benefis sa yo, mwen ap responsab remèt Divizyon Asirans Chomaj Delaware a ("Divizyon") yon kantite ki egal a benefis m te deja resevwa yo. Mwen konprann m ap responsab pou remèt Divizyon an benefis m te deja resevwa kit mwen te resevwa yo paske mwen te fè fwod oswa pa erè menm kote yo te detèmine okòmansman mwen te gen dwa resevwa benefis sa yo kote yo chanje detèminasyon sa a nan yon apèl. Epi tou mwen konprann responsablite mwen pou remèt Divizyon an lajan mwen te touche ki bagay sa yo ta rive: (1) Yo detèmine mwen gen yon peryòd mwen pa kalifye; (2) Mwen resevwa benefis sou move pwogram nan; (3) Yo retire salè mwen nan kantite lajan yo te detèmine nan reklamasyon mwen an ki redwi benefis mwen sipoze touche chak mwa a oswa ki fè mwen pa kalifye pou resevwa lajan; oswa (4) Mwen pa te bay salè m ap touche oswa salè mwen te bay la pa kòrèk.

Mwen konprann si yo diskalifye mwen pou fwod, non sèlman m ap responsab pou remèt Divizyon Asirans Chomaj la benefis chomaj mwen te touche pou semèn chomaj mwen fin diskalifye pita yo, m ap responsab pou peye enterè ak yon to anyèl 18.0% plis yon lòt 15.0% penalite lajan y ap mete sou lajan mwen te resevwa ak fwod yo.

Mwen konprann mwen oblije bay tout salè oswa revni m ap resevwa nan nenpòt ki sous la chak semèn m ap reklame asirans chomaj, menm si salè oswa revni sayo pi piti pase 50.0% lajan yo pèmèt pou m touche a epi si m pa bay nenpòt salè oswa revni m ap touche pandan nenpòt semèn, yo kapab diskalifye mwen pou resevwa benefis pou yon ane ak yon diskalifikasyon fwod.

Mwen konprann mwen gen dwa pou depoze yon apèl atan pou konteste desizyon ki swa diskalifye mwen pou resevwa benefis oswa twouve mwen pa kalifye pou yo epi mwen p ap ka konteste desizyon sa yo lè yo final nan detèminasyon Divizyon an kòm total kantite lajan mwen oblije remèt la.

REKOUPTAN POU PAMAN KI TWÒP

Lalwa egzije pou Divizyon an rekipere kantite lajan li peye twòp pou yon moun k ap fè reklamasyon pou benefis UI kit se te fòt Divizyon an, moun k ap fè reklamasyon an, oswa konpayi moun k ap fè reklamasyon an p ap travay ankò a, oswa fwod moun k ap fè reklamasyon an te fè pou li touche twòp la. De seksyon lwa yo ki site pi ba a bay baz legal pou Divizyon an kapab fè rekouptan yo.

19 Kòd Delaware §3325:

Nenpòt moun ki resevwa yon kantite lajan kòm benefis sou chapit sa a epi yo vin detèmine moun sa a PA te gen dwa resevwa li dwe responsab pou remèt lajan li touche an plis sa a, bay Divizyon Fon Pou Konpansasyon Chomaj la, oswa pou yo retire kantite lajan sa a sou benefis yo gen pou peye moun sa a pi devan sou chapit sa a.

Lè yo peye yon moun k ap fè reklamasyon twòp paske li te fè fwod li dwe remèt lajan sa a ak enterè plis yon tarif pou penalite ki menm kantite yo fè peye pou evalyasyon ki an rete ak ranbousman paman nan plas evalyasyon.

19 Kòd Delaware §3314(6)

Yon moun ap diskalifye pou benefis: Si Divizyon an detèmine moun sa a te bay manti oswa reprezantasyon li konnen pa verite oswa te fè esprè li pa bay yon enfòmasyon pou li ka jwenn benefis moun nan pa te gen dwa resevwa, epi diskalifikasyon sa a ap pou yon peryòd yon ane kòmmanse sou dat li te bay premye manti, move reprezantasyon oswa pa te bay enfòmasyon an.

DEKLARASYON SOU RESPONSABLITE POU FWOD

Pandan yon moun ap resevwa benefis UI, li **dwe bay tout salè oswa revni l ap touche pou semèn l ap reklame benefis yo**. Si moun sa a pa bay enfòmasyon yo oswa li fè eksprè li bay manti pou resevwa benefis (tankou li pa bay dènye kote li t ap travay la ak/ou li pa ba vrè rezon li pa nan travay la ankò, ak plis toujou) li pa gen dwa pou resevwa legalman sa kapab fè li touche twòp paman plis enterè, diskalifye pou resevwa benefis pou yon ane, epi yo ka pouswiv li pou zak sa a kote li ka bezwen peye yon amann ak/ou ale nan prizon. Nenpòt moun ki te resevwa benefis li pa te gen dwa touche ap responsab pou remèt kòb la. Benefis li vin gen dwa pou touche pi devan kapab afekte ak paman li te touche twòp li gen pou remèt yo.

Si ou gen nenpòt kesyon sou paman ki twòp ak rekouptan pou yon paman ki twòp, tanpri kontakte Depatman Kontwòl Benefis la sou (302)761-8399.

TRAVAY ENDEPANDAN

Si ou ap travay poukont ou lè depoze premye reklamasyon pou benefis UI la oswa pou fin ap travay poukont ou pandan ou ap touche benefis UI, ou dwe bay Divizyon an enfòmasyon sa a.


Tribinal Delaware yo te toujou deside moun k ap travay poukont yo pa kalifye pou resevwa benefis UI. Benefis UI se pou ede moun ki vin pèdi travay yo san se pa fòt yo ak pou ankouraje yo gen yon travay ki estab, li pa pou sipòte premye etap yon biznis oswa moun k ap travay poukont yo epi yo poko ap fè benefis nan biznis la. Ka ki abòde zafè sa a sijere y ap twouve travay endepandan egziste lè yon moun te fè plis pase minimòm efò pou biznis moun nan genyen kit biznis la rantab oswa moun ann rete disponib pou lòt travay.

PERYÒD REFERANS

Peryòd referans ou se 1^{ye} kat nan senk dènye trimès konplè ki pase yo.

ILISTRASYON PERYÒD REFERANS LA

TRIMÈS KI GRI YO REPREZANTE PERYÒD REFERANS OU



PERYÒD REFERANS ALTÈNATIF

Si yo detèmine ou p ap touche ase salè nan premye kat trimès nan senk dènye trimès konplè peryòd referans ki pase yo (jan li ilistre piwo a) pou vin kalifye pou resevwa lajan benefis UI yo, 19 Del.C. §3302(2) bay dwa pou itilize yon peryòd referans altènatif. Peryòd referans altènatif la pèmèt pou itilize salè nan kat trimès konplè pi resan ki te vini touswit avan dat reklamasyon UI ou a te antre an vigè. Tanpri kontakte biwo lokal ou a si ou gen kesyon sou peryòd referans altènatif la.

GID RAPID POU KALKILE BENEFIS OU YO

Ou kapab kalkile apeprè konbyen ou ap resevwa ak fòmil sa a:

- Detèmine peryòd referans pou reklamasyon ou ap depoze reklamasyon an nan tablo ki pi wo a.
- Detèmine kantite salè ou te touche nan travay kouvri pandan peryòd referans la dapre trimès yo.
- Detèmine de trimès out e touche plis lajan yo (gade pi ba a). Divize salè ou te touche nan de trimès sa yo pa 46 pou kalkile anviwon konbyen ou ap touche chak semèn. Lalwa te etabli yon maksimòm kantite benefis (**gade "Tablo Kantite Benefis Chak Semèn" sou paj 16 - 18**).

KAT TRIMÈS YO SE:

Peryòd 3 mwa:

<u>Kòmanse</u>		<u>Fini</u>
1 janvyè	→	31 mas
1 avril	→	30 jen
1 jiyè	→	30 septanm
1 oktòb	→	31 desanm

LAJAN W KALIFYE POU RESEVWA

KANTITE BENEFIS YO

Pou ou kalifye pou touche benefis yo, ou dwe te touche pou omwen tranسسis fwa kantite benefis chak semèn ou a nan men yon anplwayè ki kouvri nan peryòd referans ou a. Kantite benefis ou a ap 1/46 fwa salè ou nan de trimès salè ki pi wo nan peryòd referans la. Men, pa gen okenn moun ki kalifye k ap resevwa benefis ki pi piti pase \$20 oswa plis pase \$330 pa semèn, si yo kalifye.

KANTITE SEMÈN W AP RESEVWA BENEFIS

Kantite semèn ou ak resevwa benefis ou yo pral depann sou total salè ou pandan tout peryòd referans an a. Yon travayè gen dwa pou resevwa yon total kantite benefis ki egal la 50% salè peryòd referans yo oswa vennsis fwa kantite benefis pa semèn yo, kèlkeswa sa ki pi piti a.

ANE BENEFIS LA

Ou kapab resevwa kantite benefis yo dwe ou pandan ane benefis ou a. Ane benefis ou a ap kòmanse nan dimanch premye semèn ou depoze yon reklamasyon yo twouve ou kalifye pou resevwa lajan. L ap kontinye pandan yon ane. Si ou touche tout benefis ou yo nan men eta sa a, ou p ap ka resevwa plis peman nan ane benefis sa a ankò.

Aprè ane benefis ou a fini, ou ap kapab resevwa plis benefis daprè salè ou te resevwa pandan nouvo peryòd referans ou a. Ou p ap ka touche benefis nan yon dezyèm ane benefis amwenske ou te gen yon nouvo travay epi ou te travay pou omwen dis fwa nouvo kantite benefis chak semèn ou a depi kòmansman ane benefis avan an epi ou kalifye konplètman pou yon nouvo reklamasyon.

KANTITE OU GEN DWA TOUCHE

Ou gen dwa touche 50% kantite benefis chak semèn ou an san yo pa fè okenn dediksyon sou peman benefis ou touche chak semèn nan. Y ap retire dola pou dola sou nenpòt sa ki plis pase 50%. Pa egzanp: Si kantite benefis ou touche chak semèn nan se \$100, ou gen dwa touche \$50 avan dediksyon nan premye semèn benefis la san okenn dediksyon sou benefis UI ou a, y ap retire dola pou dola sou nenpòt sa ki plis pase \$50.

GID RAPID POU KALKILE KANTITE OU GEN DWA TOUCHE

Kantite Benefis Pa Semèn		100.00
Miltipliye pa 50	x	.50
Kantite ou gen dwa touche avan dediksyon		50.00

Pa egzanp

Kantite Benefis Pa Semèn	<u>100.00</u>		
Ajiste Fanmi	<u>60.00</u>	<input type="checkbox"/>	revni avan dediksyon mwens kantite ou gen dwa touche (gade tablo ki anwo a)
			60.00 -- 50.00
		<input type="checkbox"/>	kantite yo retire nan kantite benefis pa semèn nan
			10.00
Lè chèk la regle kantite	<u>90.00</u>		

Tanpri note: Maksimòm kantite chèk ou ap kantite benefis pa semèn ou a sèlman. **GADE "KALANDRIYE SALÈ" sou paj 33.**

LAJAN W KALIFYE POU RESEVWA (SWIVI)

YO REDWI NAN KANTITE ÈDTAN W TRAVAY

Si yo redwi kantite èdtan ou ap travay, gen **posiblite** pou ou kalifye pou resevwa yon peman pasyèl. Gade "Kantite Ou Gendwa Touche" nan paj avan an. Epi tou gade "Retounen Nan Travay" sou paj 8.

REKLAMASYON SEZOYÈ

Travay Sezonyè se premye tretman pwodwi agrikilti ak fwidmè. Y ap konsidere ou yon anplwaye sezonyè si ou ap travay pou yon konpayi ki idantifye kòm sezonyè menm si ou pa travay dirèkteman ak yon pwodwi sezonyè. Si 75% oswa plis nan salè peryòd referans ou a se nan travay sezonyè, jan li defini nan lwa Delaware, ou ap kalifye pou resevwa benefis sèlman pou mwa yo ou te travay nan peryòd referans ou a. Pa egzanp, si ou te travay depi me jiska septanm nan peryòd referans ou a ak on konpayi sezonyè, ou t ap kalifye pou touche benefis sèlman pou travay ou te fè pandan mwa sa yo.

ANPLWAYE FEDERAL SIVIL

Si ou te yon anplwaye sivil k ap travay pou Gouvènman Ameriken pou dezan jiskaske ou depoze reklamasyon ou a, ou dwe enfòme biwo lokal ou a. OU kapab gen dwa pou resevwa benefis UI sou yon lwa federal ki di pou yo peye benefis bay ansyen anplwaye federal sivil. W ap oblije prezante yon Fòm SF-8 yon Fòm SF-50 ak sou chèk ou yo oswa yon Fòm W-2 nan biwo lokal la lè ou ap depoze reklamasyon sa.

ANPLWAYE MILITÈ

Gen lwa federal pou ki egziste pou moun yo ki soti nan fòs lame Etazini nan kondisyon onorab pou depoze reklamasyon pou UI. Si ou te soti nan militè nan kondisyon onorab, ou oblije prezante yon Fòm DD-214, Manm 4 ak prèv Nimewo Sekirite Sosyal ou lè ou ap depoze reklamasyon sa a.

TABLO KANTITE BENEFIS CHAK SEMÈN

Tout lajan ki nan Tablo Kantite Benefis Chak Semèn (pi ba a) se an Dola Ameriken

Si De Salè Trimès Ki Pi Wo Yo Te:	WBA	Si De Salè Trimès Ki Pi Wo Yo Te:	WBA	
Pi piti pase Ou Egal la -	965.99	20.00	3,312.00 - 3,357.99	72.00
966.00 -	1,011.99	21.00	3,358.00 - 3,403.99	73.00
1,012.00 -	1,057.99	22.00	3,404.00 - 3,449.99	74.00
1,058.00 -	1,103.99	23.00	3,450.00 - 3,495.99	75.00
1,104.00 -	1,149.99	24.00	3,496.00 - 3,541.99	76.00
1,150.00 -	1,195.99	25.00	3,542.00 - 3,587.99	77.00
1,196.00 -	1,241.99	26.00	3,588.00 - 3,633.99	78.00
1,242.00 -	1,287.99	27.00	3,634.00 - 3,679.99	79.00
1,288.00 -	1,333.99	28.00	3,680.00 - 3,725.99	80.00
1,334.00 -	1,379.99	29.00	3,726.00 - 3,771.99	81.00
1,380.00 -	1,425.99	30.00	3,772.00 - 3,817.99	82.00
1,426.00 -	1,471.99	31.00	3,818.00 - 3,863.99	83.00
1,472.00 -	1,517.99	32.00	3,864.00 - 3,909.99	84.00
1,518.00 -	1,563.99	33.00	3,910.00 - 3,955.99	85.00
1,564.00 -	1,609.99	34.00	3,956.00 - 4,001.99	86.00
1,610.00 -	1,655.99	35.00	4,002.00 - 4,047.99	87.00
1,656.00 -	1,701.99	36.00	4,048.00 - 4,093.99	88.00
1,702.00 -	1,747.99	37.00	4,094.00 - 4,139.99	89.00
1,748.00 -	1,793.99	38.00	4,140.00 - 4,185.99	90.00
1,794.00 -	1,839.99	39.00	4,186.00 - 4,231.99	91.00
1,840.00 -	1,885.99	40.00	4,232.00 - 4,277.99	92.00
1,886.00 -	1,931.99	41.00	4,278.00 - 4,323.99	93.00
1,932.00 -	1,977.99	42.00	4,324.00 - 4,369.99	94.00
1,978.00 -	2,023.99	43.00	4,370.00 - 4,415.99	95.00
2,024.00 -	2,069.99	44.00	4,416.00 - 4,461.99	96.00
2,070.00 -	2,115.99	45.00	4,462.00 - 4,507.99	97.00
2,116.00 -	2,161.99	46.00	4,508.00 - 4,553.99	98.00
2,162.00 -	2,207.99	47.00	4,554.00 - 4,599.99	99.00
2,208.00 -	2,253.99	48.00	4,600.00 - 4,645.99	100.00
2,254.00 -	2,299.99	49.00	4,646.00 - 4,691.99	101.00
2,300.00 -	2,345.99	50.00	4,692.00 - 4,737.99	102.00
2,346.00 -	2,391.99	51.00	4,738.00 - 4,783.99	103.00
2,392.00 -	2,437.99	52.00	4,784.00 - 4,829.99	104.00
2,438.00 -	2,483.99	53.00	4,830.00 - 4,875.99	105.00
2,484.00 -	2,529.99	54.00	4,876.00 - 4,921.99	106.00
2,530.00 -	2,575.99	55.00	4,922.00 - 4,967.99	107.00
2,576.00 -	2,621.99	56.00	4,968.00 - 5,013.99	108.00
2,622.00 -	2,667.99	57.00	5,014.00 - 5,059.99	109.00
2,668.00 -	2,713.99	58.00	5,060.00 - 5,105.99	110.00
2,714.00 -	2,759.99	59.00	5,106.00 - 5,151.99	111.00
2,760.00 -	2,805.99	60.00	5,152.00 - 5,197.99	112.00
2,806.00 -	2,851.99	61.00	5,198.00 - 5,243.99	113.00
2,852.00 -	2,897.99	62.00	5,244.00 - 5,289.99	114.00
2,898.00 -	2,943.99	63.00	5,290.00 - 5,335.99	115.00
2,944.00 -	2,989.99	64.00	5,336.00 - 5,381.99	116.00
2,990.00 -	3,035.99	65.00	5,382.00 - 5,427.99	117.00
3,036.00 -	3,081.99	66.00	5,428.00 - 5,473.99	118.00
3,082.00 -	3,127.99	67.00	5,474.00 - 5,519.99	119.00
3,128.00 -	3,173.99	68.00	5,520.00 - 5,565.99	120.00
3,174.00 -	3,219.99	69.00	5,566.00 - 5,611.99	121.00
3,220.00 -	3,265.99	70.00	5,612.00 - 5,657.99	122.00
3,266.00 -	3,311.99	71.00	5,658.00 - 5,703.99	123.00

TABLO KANTITE BENEFIS CHAK SEMÈN (SWIVI)

Tout lajan ki nan Tablo Kantite Benefis Chak Semèn (pi ba a) se an Dola Ameriken

Si De Salè Trimès Ki Pi Wo Yo Te:	WBA	Si De Salè Trimès Ki Pi Wo Yo Te:	WBA
5,704.00 - 5,749.99	124.00	8,096.00 - 8,141.99	176.00
5,750.00 - 5,795.99	125.00	8,142.00 - 8,187.99	177.00
5,796.00 - 5,841.99	126.00	8,188.00 - 8,233.99	178.00
5,842.00 - 5,887.99	127.00	8,234.00 - 8,279.99	179.00
5,888.00 - 5,933.99	128.00	8,280.00 - 8,325.99	180.00
5,934.00 - 5,979.99	129.00	8,326.00 - 8,371.99	181.00
5,980.00 - 6,025.99	130.00	8,372.00 - 8,417.99	182.00
6,026.00 - 6,071.99	131.00	8,418.00 - 8,463.99	183.00
6,072.00 - 6,117.99	132.00	8,464.00 - 8,509.99	184.00
6,118.00 - 6,163.99	133.00	8,510.00 - 8,555.99	185.00
6,164.00 - 6,209.99	134.00	8,556.00 - 8,601.99	186.00
6,210.00 - 6,255.99	135.00	8,602.00 - 8,647.99	187.00
6,256.00 - 6,301.99	136.00	8,648.00 - 8,693.99	188.00
6,302.00 - 6,347.99	137.00	8,694.00 - 8,739.99	189.00
6,348.00 - 6,393.99	138.00	8,740.00 - 8,785.99	190.00
6,394.00 - 6,439.99	139.00	8,786.00 - 8,831.99	191.00
6,440.00 - 6,485.99	140.00	8,832.00 - 8,877.99	192.00
6,486.00 - 6,531.99	141.00	8,878.00 - 8,923.99	193.00
6,532.00 - 6,577.99	142.00	8,924.00 - 8,969.99	194.00
6,578.00 - 6,623.99	143.00	8,970.00 - 9,015.99	195.00
6,624.00 - 6,669.99	144.00	9,016.00 - 9,061.99	196.00
6,670.00 - 6,715.99	145.00	9,062.00 - 9,107.99	197.00
6,716.00 - 6,761.99	146.00	9,108.00 - 9,153.99	198.00
6,762.00 - 6,807.99	147.00	9,154.00 - 9,199.99	199.00
6,808.00 - 6,853.99	148.00	9,200.00 - 9,245.99	200.00
6,854.00 - 6,899.99	149.00	9,246.00 - 9,291.99	201.00
6,900.00 - 6,945.99	150.00	9,292.00 - 9,337.99	202.00
6,946.00 - 6,991.99	151.00	9,338.00 - 9,383.99	203.00
6,992.00 - 7,037.99	152.00	9,384.00 - 9,429.99	204.00
7,038.00 - 7,083.99	153.00	9,430.00 - 9,475.99	205.00
7,084.00 - 7,129.99	154.00	9,476.00 - 9,521.99	206.00
7,130.00 - 7,175.99	155.00	9,522.00 - 9,567.99	207.00
7,176.00 - 7,221.99	156.00	9,568.00 - 9,613.99	208.00
7,222.00 - 7,267.99	157.00	9,614.00 - 9,659.99	209.00
7,268.00 - 7,313.99	158.00	9,660.00 - 9,705.99	210.00
7,314.00 - 7,359.99	159.00	9,706.00 - 9,751.99	211.00
7,360.00 - 7,405.99	160.00	9,752.00 - 9,797.99	212.00
7,406.00 - 7,451.99	161.00	9,798.00 - 9,843.99	213.00
7,452.00 - 7,497.99	162.00	9,844.00 - 9,889.99	214.00
7,498.00 - 7,543.99	163.00	9,890.00 - 9,935.99	215.00
7,544.00 - 7,589.99	164.00	9,936.00 - 9,981.99	216.00
7,590.00 - 7,635.99	165.00	9,982.00 - 10,027.99	217.00
7,636.00 - 7,681.99	166.00	10,028.00 - 10,073.99	218.00
7,682.00 - 7,727.99	167.00	10,074.00 - 10,119.99	219.00
7,728.00 - 7,773.99	168.00	10,120.00 - 10,165.99	220.00
7,774.00 - 7,819.99	169.00	10,166.00 - 10,211.99	221.00
7,820.00 - 7,865.99	170.00	10,212.00 - 10,257.99	222.00
7,866.00 - 7,911.99	171.00	10,258.00 - 10,303.99	223.00
7,912.00 - 7,957.99	172.00	10,304.00 - 10,349.99	224.00
7,958.00 - 8,003.99	173.00	10,350.00 - 10,395.99	225.00
8,004.00 - 8,049.99	174.00	10,396.00 - 10,441.99	226.00
8,050.00 - 8,095.99	175.00	10,442.00 - 10,487.99	227.00

TABLO KANTITE BENEFIS CHAK SEMÈN (SWIVI)

Tout lajan ki nan Tablo Kantite Benefis Chak Semèn (pi ba a) se an Dola Ameriken

Si De Salè Trimès Ki Pi Wo Yo Te:	WBA	Si De Salè Trimès Ki Pi Wo Yo Te:	WBA
10,488.00 - 10,533.99	228.00	12,880.00 - 12,925.99	280.00
10,534.00 - 10,579.99	229.00	12,926.00 - 12,971.99	281.00
10,580.00 - 10,625.99	230.00	12,972.00 - 13,017.99	282.00
10,626.00 - 10,671.99	231.00	13,018.00 - 13,063.99	283.00
10,672.00 - 10,717.99	232.00	13,064.00 - 13,109.99	284.00
10,718.00 - 10,763.99	233.00	13,110.00 - 13,155.99	285.00
10,764.00 - 10,809.99	234.00	13,156.00 - 13,201.99	286.00
10,810.00 - 10,855.99	235.00	13,202.00 - 13,247.99	287.00
10,856.00 - 10,901.99	236.00	13,248.00 - 13,293.99	288.00
10,902.00 - 10,947.99	237.00	13,294.00 - 13,339.99	289.00
10,948.00 - 10,993.99	238.00	13,340.00 - 13,385.99	290.00
10,994.00 - 11,039.99	239.00	13,386.00 - 13,431.99	291.00
11,040.00 - 11,085.99	240.00	13,432.00 - 13,477.99	292.00
11,086.00 - 11,131.99	241.00	13,478.00 - 13,523.99	293.00
11,132.00 - 11,177.99	242.00	13,524.00 - 13,569.99	294.00
11,178.00 - 11,223.99	243.00	13,570.00 - 13,615.99	295.00
11,224.00 - 11,269.99	244.00	13,616.00 - 13,661.99	296.00
11,270.00 - 11,315.99	245.00	13,662.00 - 13,707.99	297.00
11,316.00 - 11,361.99	246.00	13,708.00 - 13,753.99	298.00
11,362.00 - 11,407.99	247.00	13,754.00 - 13,799.99	299.00
11,408.00 - 11,453.99	248.00	13,800.00 - 13,845.99	300.00
11,454.00 - 11,499.99	249.00	13,846.00 - 13,891.99	301.00
11,500.00 - 11,545.99	250.00	13,892.00 - 13,937.99	302.00
11,546.00 - 11,591.99	251.00	13,938.00 - 13,983.99	303.00
11,592.00 - 11,637.99	252.00	13,984.00 - 14,029.99	304.00
11,638.00 - 11,683.99	253.00	14,030.00 - 14,075.99	305.00
11,684.00 - 11,729.99	254.00	14,076.00 - 14,121.99	306.00
11,730.00 - 11,775.99	255.00	14,122.00 - 14,167.99	307.00
11,776.00 - 11,821.99	256.00	14,168.00 - 14,213.99	308.00
11,822.00 - 11,867.99	257.00	14,214.00 - 14,259.99	309.00
11,868.00 - 11,913.99	258.00	14,260.00 - 14,305.99	310.00
11,914.00 - 11,959.99	259.00	14,306.00 - 14,351.99	311.00
11,960.00 - 12,005.99	260.00	14,352.00 - 14,397.99	312.00
12,006.00 - 12,051.99	261.00	14,398.00 - 14,443.99	313.00
12,052.00 - 12,097.99	262.00	14,444.00 - 14,489.99	314.00
12,098.00 - 12,143.99	263.00	14,490.00 - 14,535.99	315.00
12,144.00 - 12,189.99	264.00	14,536.00 - 14,581.99	316.00
12,190.00 - 12,235.99	265.00	14,582.00 - 14,627.99	317.00
12,236.00 - 12,281.99	266.00	14,628.00 - 14,673.99	318.00
12,282.00 - 12,327.99	267.00	14,674.00 - 14,719.99	319.00
12,328.00 - 12,373.99	268.00	14,720.00 - 14,765.99	320.00
12,374.00 - 12,419.99	269.00	14,766.00 - 14,811.99	321.00
12,420.00 - 12,465.99	270.00	14,812.00 - 14,857.99	322.00
12,466.00 - 12,511.99	271.00	14,858.00 - 14,903.99	323.00
12,512.00 - 12,557.99	272.00	14,904.00 - 14,949.99	324.00
12,558.00 - 12,603.99	273.00	14,950.00 - 14,995.99	325.00
12,604.00 - 12,649.99	274.00	14,996.00 - 15,041.99	326.00
12,650.00 - 12,695.99	275.00	15,042.00 - 15,087.99	327.00
12,696.00 - 12,741.99	276.00	15,088.00 - 15,133.99	328.00
12,742.00 - 12,787.99	277.00	15,134.00 - 15,179.99	329.00
12,788.00 - 12,833.99	278.00	15,180.00 - oswa plis	330.00
12,834.00 - 12,879.99	279.00		

JAN POU DEPOZE REKLAMASYON POU PEMEN BENEFIS CHAK SEMÈN OU

Pou depoze reklamasyon pou peman benefis UI chak semèn ou yo, ou dwe:

1. Kòmanse depoze sètifikasyon chak semèn ou dimanch ou ouvri reklamasyon ou lan epi chak semèn apre sa.
2. Depoze li atravè sistèm TeleBenefits (telefòn) nou an oswa
3. Depoze li atravè sistèm WebBenefits (entènèt) nou an

Yon semèn benefis ap kòmanse dimanch apre samdi ki vini apre a.

PA GEN ANYEN KI KA FÈT SOU REKLAMASYON W LAN AVAN W DEPOZE YON SÈTIFIKASYON CHAK SEMÈN.

Si okòmansman ou pa resevwa benefis ou yo paske y ap tann yon jijman pou reklamasyon ou lan oswa paske ou ap fè yon apèl, **ou dwe kontinye depoze sètifikasyon reklamasyon chak semèn ou yo sou entènèt ak WebBenefits oswa rele TeleBenefits pou fè sa.**

JAN POU DEPOZE REKLAMASYON POU BENEFIS CHAK SEMÈN OU YO

Sonje: Ou ka depoze reklamasyon pou benefis UI chak semèn ou yo sou entènèt oswa pa telefòn:

<p>WebBenefits</p> <p>http://ui.delawareworks.com/</p>	<p>TeleBenefits</p> <p>Liy Telefòn Pou Enfòmasyon 1-800-794-3032 Nimewo gratis deyò Konte New Castle</p> <p>(302)761-6576 Konte New Castle</p>
--	--

Divizyon an bay de fason ki byen vit ak fasil pou reklame benefis UI chak semèn ou yo ak yon sèvis entènèt ki rele **WebBenefits** oswa pa telefòn ak yon sèvis Liy Telefòn Enfòmasyon ki rele **TeleBenefits**. Nou swete ou ap jwenn sèvis kliyan sa yo fasil ak itil pou itilize.

Remak: Ou p ap ka itilize TeleBenefits ak WebBenefits pou depoze yon nouvo reklamasyon, yon lòt reklamasyon an plis, oswa pou relouvri yon reklamasyon, epi se sèlman pou deklare peman benefis UI chak semèn ou an ou ap ka itilize li.

TANPRI PRAN SAN W POU W LI ENSTRIKSYON SA YO AVAN W FÈ PREMYE REKLAMASYON W SOU ENTÈNÈT OSWA RELE

LÈ POU W FÈ DEKLARASYON SOU ENTÈNÈT OSWA RELE:

WebBenefits, disponib sou <http://ui.delawareworks.com/> ak Liy Telefòn Enfòmasyon an, nan **1(800) 794-3032** ou **(302) 761-6576** disponib chak jou, 24 sou 24. Pa bliye, ou p ap ka depoze reklamasyon pou okenn peryòd reklamasyon sou **WebBenefits** ak **TeleBenefits** avan dat fen semèn ou ap fè reklamasyon pou a deja pase. **WebBenefits** ak **TeleBenefits** ou depoze avan 10:30 a.m. lendi jiska vandredi nòmalman ap trete menm jou a. **WebBenefits** ak **TeleBenefits** ou depoze apre 10:30 a.m. lendi jiska vandredi nòmalman ap trete pwochen jou ouvrab la.

Pa bliye genyen enfòmasyon sou reklamasyon chak semèn ou nan men w, paske **WebBenefits** ak **TeleBenefits** ap poze ou kesyon sou chak grenn semèn reklamasyon. An plis, ou kapab bezwen soumèt jounal rechèch travay ou a nan biwo lokal la si yo mande w. Sistèm nan fèt yon fason kote ou se sèlman reklamasyon ou benefis semèn ou ye a ou ap ka fè. Si ou bezwen fè reklamasyon pou yon semèn ki te pase avan, tanpri al fè sa nan biwo lokal ou a. **WebBenefits** ak **TeleBenefits** ap montre ou pou ki semèn ou ap ka fè reklamasyon.

JAN POU DEPOZE REKLAMASYON POU BENEFIS CHAK SEMÈN OU YO (SWIVI)

Kontinye mete enfòmasyon konplè ak egzat sou rechèch travay ou ak salè ou sou "Jounal Rechèch Travay" ak "Kalandriye Salè" ki sou pat 31 jiska 34 paske ou ka bezwen soumèt rechèch travay ou ak/sou salè ou kou biwo lokal la mande w.

TELEBENEFITS

NIMEWO IDANTIFIKASYON PÈSONÈL OU (NIP)

Lè ou depoze premye reklamasyon pou benefis ou nan **TeleBenefits**, ou ap chwazi pwòp nimewo kat chif ou. Nimewo sa a p ap ka gen menm chif yo kat fwa, epi yo pa ka an òd – 1,1,1,1 ou 1,2,3,4. Nimewo kat chif ou chwazi a ap vin Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl ou oswa NIP, epi ou ap bezwen itilize li chak fwa ou rele pou depoze yon reklamasyon nan **TeleBenefits**. Ou responsab pou sekirite PIN ou a ki reprezante siyati elektwonik ou. Piga ou bay okenn moun NIP ou, menm fanmi w.

Si ou bliye li, oswa mete yon move NIP, y ap mande ou pou al kontakte biwo lokal ou a pou ede ou chanje NIP ou a. Se sèlman lè biwo a sipoze louvri ou ap ka jwenn sèvis sa a, epi nouvo PIN ou an ak aktif pwochen jou ouvrab biwo a.

JAN POU REKLAME BENEFIS CHAK SEMÈN YO

Rele liy telefòn enfòmasyon an nan **1(800)794-3032** pou konte Kent ak Sussex County, oswa si ou pa nan eta a rele, oswa **(302) 761-6576** nan Konte New Castle.

Peze 1 pou depoze sètifikasyon chak semèn ou.

Mete Nimewo Sekirite Sosyal 9 chif ou a

Peze 1 pou kontinye oswa **2** pou chanje.

W ap bezwen kreye yon NIP 4 chif premye fwa a

Mete nimewo 4 chif ou bezwen NIP ou a

Peze 1 pou kontinye ou **2** pou chanje nimewo a (sa a se NIP ou pral itilize chak fwa ou ap itilize TeleBenefits pi devan).

1. **Mete kantite salè ou avan yo fè dediksyon** (awondi jiska pwochen dola a) pou chak konpayi ou te travay, menm si ou pa te touche. Salè ou mete a dwe gen lajan ou touche pou konje.

Peze 1 pou konfime kantite a oswa **2** pou chanje kantite a.

a. **Di non ak adrès konplè konpayi a ou te travay la.**

Peze 1 si ou janm travay pou yon lòt konpayi pandan peryòd sa a.

Peze 2 si ou te mete tout enfòmasyon pou tout konpayi ou te travay.

2. **Mete nenpòt peman retrèt** ou te resewva pou dat semèn nan fini ou ap depoze reklamasyon pou benefis chak semèn ou yo.

Peze 1 pou sote oswa kontinye

3. **Mete nenpòt peman nan plas avi** ou te resewva apre yo di ou ou pa bezwen vin travay pou dat semèn nan fini ou ap depoze reklamasyon pou benefis chak semèn ou yo.

Peze 1 pou konfime kantite a oswa **2** pou chanje kantite a.

4. **Mete nenpòt lòt lajan** ou te resewva pou dat semèn nan fini ou ap depoze reklamasyon pou benefis chak semèn ou yo.

5. **Peze 1** pou konfime kantite a oswa **2** pou chanje kantite a.

6. **Peze 1** si ou disponib pou travay chak jou.

Peze 2 si ou *PA* disponib pou travay chak jou.

Peze 1 pou kontinye

TELEBENEFITS (SWIVI)

7. **Peze 1** si ou ap chèche travay chak jou.
Peze 2 si ou PAP chèche travay chak jou.
Peze 1 pou kontinye
8. **Mete dat** ou te kontakte konpayi pou tray la
(2 chif pou mwa, 2 chif pou jou, ak 4 chif pou ane).
Peze 1 pou kontinye
9. **Peze 1** si ou te refize nenpòt travay oswa pa te ale nan yon antretyen pou yon travay.
Peze 2 si ou PA te refize okenn travay oswa pa te ale nan yon antretyen pou yon travay.
Peze 1 pou kontinye.
10. **Peze 1** si ou te ale lekòl oswa nan fòmasyon.
Peze 2 si ou PA te ale lekòl oswa nan fòmasyon.
Peze 1 pou kontinye
11. **Peze 1** si ou te fè yon demann pou retrèt oswa pansyon, oswa pansyon ou te chanje depi dènye reklamasyon ou lan.
Peze 2 si ou PA te fè yon demann pou retrèt oswa pansyon, oswa pansyon ou PA te chanje depi dènye reklamasyon ou lan.
Peze 1 pou kontinye
12. **Peze 1** si ou te retounen travay tan konplè.
Mete dat ou te retounen travay la.
(2 chif pou mwa, 2 chif pou jou, 4 chif pou ane)
Peze 2 si ou PA te retounen travay tan konplè.
13. **Peze 1** pou sètifye repons ou yo bon epi trete reklamasyon ou lan.

"N ap di ou yon gwo mèsi paske ou te rele Liy Telefòn Enfòmasyon Asirans Chomaj Divizyon Delaware a"

WEBBENEFITS

NIMEWO IDANTIFIKASYON PÈSONÈL OU

Si ou deja ap itilize TeleBenefits epi ou deside itilize WebBenefits nimewo NIP ou ap rete menm nan. Si ou potko janm itilize TeleBenefits epi ou pa gen yon NIP, ou dwe rele TeleBenefits pou kreye NIP ou oswa itilize yon NIP "9999" pou konekte premye fwa a. Nimewo enfòmasyon pou Konte New Castle a se (302) 761-6576 epi nimewo pou deyò Konte New Castle se (800) 794-3032. Si ou te bliye NIP ou, itilize lyen ki sou sit entènèt la.

JAN POU DEPOZE REKLAMASYON POU BENEFIS CHAK SEMÈN YO

Konekte sou: <http://ui.delawareworks.com/>

Sou bò goch ekran an anba "SERVICES (SÈVIS) klike sou "UNEMPLOYMENT INSURANS" (ASIRANS CHOMAJ)

Klike sou "File Online" (Depoze Reklamasyon Sou Entènèt) sou WebBenefits. Si ou ap itilize yon tablèt oswa smartphone (telefòn entelijan), tanpri itilize chwa mobil ki konpati pou WebBenefits la.

KARE POU KONEKTE A:

- Mete nimewo sekirite sosyal 9 chif ou a.
- Mete NIP ou te kreye a.
- Mete kòd sekirite ki anba kare pou konekte a.

PAJ OPSYON:

- Klike sou: Depoze yon sètifikasyon reklamasyon chak semèn.
- Depoze pou kontinye resevwa Benefis Asirans Chomaj.
- Klike sou: Depoze pou Benefis Chak Semèn.

ETAP 1: Kesyonè

Mete dat semèn reklamasyon ou ap depoze reklamasyon pou li a.

WEBBENEFITS (SWIVI)

Eske ou te kapab ak disponib pou travay chak jou? Reponn Wi ou NON

Eske ou al chèche travay chak jou? Reponn WI ou NON

Si se wi, chwazi dat ou te kontakte konpayi pou travay yo nan KARE DEWOULAN an.

Eske ou te refize oswa pa te ale nan yon antretyen pou yon travay?

Reponn Wi ou NON

Depi dènye reklamasyon ou lan, èske ou te fè yon demann pou retrèt oswa pansyon oswa èske pansyon ou la te chanje? Reponn Wi ou NON

Eske ou te retounen travay tan konplè? Reponn Wi ou NON

Si se wi, chwazi dat ou te retounen travay nan KARE DEWOULAN an.

ETAP 2: Revni

Ou dwe mete tout salè oswa revni ou te resevwa pandan semèn ki kòmanse DIMANCH epi fini SAMDI semèn ou ap fè reklamasyon pou li a.

Si ou pa te touche okenn revni pou bay, tanpri mete 0 nan kare ki apwopriye a. Ou dwe bay salè AVAN DEDIKSYON lè ou TRAVAY pou yo, pa lè ou TOUCHE. Tanpri awondi kantite yo sou dola ki pi pre a.

Pou plis enfòmasyon, ale sou "Jan Pou Bay Salè Lè ou Ap Touche Benefis Asirans Chomaj."

ETAP 3: Detay Sou Revni

Si ou te deklare salè, ou dwe ranpli pati sa a.

Ou dwe fè konnen si ou PA te tounen travay tan konplè, men te gen yon salè semèn sa a. Tanpri mete tout konpayi ou te travay pou yo, ak konbyen ou te fè ak chak konpayi ou te travay.

Lè ou fini klike sou: Kontinye

Rezime: Revize tout enfòmasyon ou te mete si li kòrèk klike sou "Submit my weekly certification" (Soumèt sètifikasyon chak semèn mwen). Si li pa kòrèk, klike sou : "Fè Chanjman."

Kou ou fin soumèt sètifikasyon chak semèn ou a, y ap mennen ou nan KONTRA SÈTIFIKASYON CHAK SEMÈN NAN. Pou soumèt sètifikasyon chak semèn ou li chak deklarasyon epi si ou dakò koche sou CHAK kare epi klike SUBMIT (Soumèt).

DETÈMINASYON KONBYEN LAJAN W AP TOUCHE

Kòm yon pati tretman reklamasyon ou lan, Divizyon an ap fè sa yo rele yon "detèminasyon monetè" epi y ap voye yon kopi ba ou. Detèminasyon monetè sa a ap di non konpayi ou te travay pou li (yo) pandan peryòd referans reklamasyon ou lan ak salè ou te fè nan chak trimès. Si ou kalifye pou resevwa lajan pou benefis, y ap di ou detèminasyon monetè ou la sou kantite benefis chak semèn ou a (WBA), maksimòm benefis ou ka resevwa, ak konbyen tan reklamasyon ou la ap dire.

Si ou wè enfòmasyon sou kote ou travay ak/ou salè ou sou detèminasyon monetè a pa kòrèk oswa si yo pa mete enfòmasyon sou kote ou travay ak/ou salè a, tanpri di sa nan biwo lokal ou te depoze reklamasyon ou lan touswit. Lè ou ale nan biwo lokal la pou revize detèminasyon monetè ou, tanpri pa bliye pote **Kat Sekirite Sosyal ou ak enfòmasyon Idantite ou yo mande nan lis paj 4 la**, ansanm ak dokiman ki bay prèv enfòmasyon travay ki manke oswa ki pa kòrèk la (Fòm W-2, sous chèk, eksetera).

REMAK ENPÒTAN

Demann pou peman benefis chak semèn ou yo dwe fèt atan nan TeleBenefits oswa WebBenefits, kòmanse ak premye dimanch ou depoze nouvo reklamasyon ou oswa relouvri yon reklamasyon.

PA tann pou ou resevwa Detèminasyon Monetè avan ou kòmanse depoze reklamasyon ou chak semèn.

DETÈMINASYON KONBYEN LAJAN W AP RESEVWA (SWIVI)

Lemoman yo ba ou avi pou detèminasyon monetè a, si ou pa dakò ak li, ou ka depoze yon apèl ak biwo lokal ou a. Yon avi pou detèminasyon monetè ki di ou kalifye pou UI **pa** nesèsèman vle di ou ap touche benefis yo. Si gen yon zafè jou jan ou te vin pa nan travay la ki pa rezoud (ou te kite, yo te revoke w, pwoblèm sante, eksetera) toujou ap bezwen gen yon jijman pou detèmine si ou kalifye nèt.

Pi ba a ou ap jwenn yon egzanp yon detèminasyon monetè: **Remak Enpòtan: Detèminasyon monetè ou resevwa a ap an angle. Gen yon vèsyon tradwi detèminasyon monetè a nan paj ki vini apre a.**

EGZANP DETÈMINASYON MONETÈ A

NOTICE OF MONETARY DETERMINATION

INITIAL DETERMINATION

Listed on this form is a copy of our record of the wages you were paid during your base period by employers covered under the Delaware Unemployment Compensation Law. Please review the employer (s) and wages for accuracy. If either the employer and/or wages are incorrect, you must contact your local office immediately.

This record of earnings is issued as an initial determination of your benefit rights and expires one year from the date of your claim. If you were paid wages in addition to those listed on this form, by an employer covered by the law, during your base period, you may file a protest at the office at which you filed your claim.

Your protest must be filed within seven days from the delivery or ten days after the mailing(process date) of this notification.

REVISED DETERMINATION

If you were paid wages in addition to those listed on this form by an employer covered by the law in the base period listed on this form OR if the total amount of wages listed on this form is less than the total wages stated in the Division's Initial Monetary Determination mailed to you, and you do not appeal this decision as indicated below, the Division of Unemployment Insurance, in accordance with Title 19, Delaware Code, Section 3325 will hold you liable for and will initiate collection action repayment of the benefits you may have already received.

Your protest or appeal must be filed within seven days from the delivery or ten days after the mailing(process date) of this notification at the Division of Unemployment Insurance Office where you filed your claim. If you have any questions, or require additional information, you should contact your local office.

USE OF INFORMATION

In accordance with 20 CFR Part 603, confidential information regarding your unemployment insurance claim may be requested and utilized for other government purposes, including, but not limited to verification of eligibility under other government programs.

IMPORTANT: There is additional information on the back of this document.

¡IMPORTANTE! Hay información adicional en la parte posterior de este documento.

YOUR BASE PERIOD				BEGINS	ENDS	NAME AND SOCIAL SECURITY NUMBER					
				YOUR BENEFIT YEAR		BEGINS	ENDS	L.O.	F.C.		
BASE PERIOD QUARTERS AND WAGES								EMPLOYER NAME AND NUMBER			
QTR	YR	QTR	YR	QTR	YR	QTR	YR				
TOTAL WAGES	MAX BENEFITS		WBA		DURATION			CLAIMANT ADDRESS			
					WEEKS LAST WK						

MESSAGE

PROCESS DATE

REDET

CLAIM DATE

(1103) Form UC-101

Vèsyon Tradwi Avi Pou Detèminasyon Monetè a

AVI POU DETÈMINASYON MONETÈ

DETÈMINASYON INISYAL

Lis sou fòm sa a se yon kopi sa nou gen sou salè ou te touche pandan peryòd referans ou a nan men anplwayè ki pwoteje dapre Lwa Konpansasyon Chomaj Delaware a. Tanpri revize anplwayè a (yo) ak salè yo pou verifeye si tout bagay kòrèk. Si swa anplwaye ak/oswa salè yo pa kòrèk, ou dwe kontakte biwo lokal ou a touswit.

Nou bay dosye salè sa a kòm yon premye detèminasyon dwa ou gen pou resevwa benefis epi l ap ekspire yon ane apre dat reklamasyon w lan. Si w te touche plis kote pase sa yo ki sou lis la, nan men yon anplwayè ki pwoteje dapre lwa a, pandan peryòd referans ou a, ou kapab pwoteste nan biwo ou te depoze reklamasyon w lan.

Ou dwe depoze pwotestasyon w lan avan sèt jou pase apre ou te resevwa avi sa a oswa dis jou apre yo te poste (dat yo te trete li) li a.

DETÈMINASYON REVIZE

Si w te touche salè ki plis pase sa yo ki nan lis sou fòm sa a nan men yon anplwayè ki pwoteje dapre lwa a nan peryòd referans ki nan lis sou fòm sa a OSWA si total kantite salè ki nan lis sou fòm sa a pi piti pase total salè ki nan Premye Detèminasyon Monetè Divizyon an te poste ba ou a, epi w pa vle depoze yon apèl kont desizyon sa a ki parèt pi ba a, Divizyon Asirans Chomaj la, konfòmman ak Tit 19, Kòd Delaware, Seksyon 3325 ap twouve w responsab epi ap kòmanse demach pou kolekte benefis ou kapab te deja resevwa nan men ou.

Ou dwe depoze pwotestasyon oswa apèl ou nan Biwo Divizyon Asirans Chomaj ou te depoze reklamasyon w lan avan sèt jou pase apre ou te resevwa avi sa a oswa dis jou apre yo te poste (dat yo te trete li) li a. Si w gen nenpòt kesyon, oswa bezwen plis enfòmasyon, ou dwe kontakte biwo lokal ou a.

JAN N AP ITILIZE ENFÒMASYON W

Konfòmman ak lwa 20 CFR, Pati 603, yo kapab mande ak itilize enfòmasyon sou reklamasyon asirans chomaj ou pou zafè gouvènman, tankou verifikasyon kalifikasyon pou lòt pwogram gouvènman ak plis bagay toujou.

ENPÒTAN: Gen plis enfòmasyon sou do dokiman sa a.

KÒMANSE					FINI		NON AK NIMEWO SEKIRITE SOSYAL	
PERYÒD REFERANS OU					PERYÒD BENEFIS OU		L.O.	F.C.
KÒMANSE					FINI		NON AK NIMEWO ANPLWAYE	
TRIMÈS	ANE	TRIMÈS	ANE	TRIMÈS	ANE	TRIMÈS	ANE	
TOTAL SALÈ	MAKSIMÒM BENEFIS	BENEFIS PA SEMÈN		DIRE		ADRÈS MOUN K AP FÈ REKLAMASYON AN		
				SEMÈN				
				SEMÈN PASE				

MESAJ

DAT TRETMAN REDETÈMINASYON DAT REKLAMASYON

TANPRI KENBE SA SOU DOSYE W

RETE KALIFYE PANDAN W AP RESEVWA BENEFIS OU YO

Pou ou ka kalifye pou resevwa benefis UI yo, ou dwe satisfè tout egzijans pou kalifikasyon ki detaye nan "Responsablite Kalifikasyon Pèsonèl Ou" ak "Responsablite Kalifikasyon Monetè Ou." Pou ou rete kalifye pandan ou ap resevwa benefis UI yo, ou dwe:

ALE NAN UI LÈ W OBLIJE

Si ou oblije fè sa, ou dwe ale nan biwo lokal ou a jou ak lè ekip pèsonèl biwo lokal la di ou yo. Si pou yon rezon ou pa ka ale nan lè yo pwograme a, ou dwe ale pi vit posib. Si ou pa ale lè yo di ou la yo ka refize ba ou benefis ou yo.

ALE NAN DIVIZYON TRAVAY AK FÒMASYON AN LÈ W OBLIJE

Non sèlman ou dwe kapab ak disponib pou travay, ou oblije enskri pou asistans pou chèche travay ak Divizyon Travay ak Fòmasyon an (amwenske Divizyon an di ou yon lòt bagay), epi chèche travay poukont ou chak semèn, pou ou ka jwenn yon travay. Si ou oblije enskri, ou dwe fè sa avan twa (3) jou ouvrab. Si ou pa enskri ak Divizyon Travay ak Fòmasyon an yo kapab refize ba ou benefis UI ou yo.

Si Divizyon an voye ou nan DET, ou dwe ale la touswit epi patisipe nan nenpòt demach pou enskri, tès ak fòmasyon yo twouve nesèsè. Si ou pa patisipe oswa refize yon travay rezonab yo rekòmande oswa ofri ou yo kapab refize ba ou benefis UI ou yo.

PEMAN POU BENEFIS YO

Y ap peye Benefis UI yo nan youn nan de fason sa yo: Depo Dirèk ou Kat Debi. Premye fwa ou enskri pou benefis yo, y ap mande ou pou chwazi swa Depo Dirèk oswa Kat Debi pou resevwa peman ou yo. Si ou pa chwazi youn nan yo, y ap mete ou sou Kat Debi otomatikman. Tanpri pa bliye si Depo Dirèk la ta koupe nenpòt lè, ou ap chanje sou Kat Debi otomatikman.

W ap oblije chwazi opsyon nan TeleBenefits ou WebBenefits la pou depoze reklamasyon ou pou peman benefis UI chak semèn ou yo.

Pou ou enskri pou Depo Dirèk ak Kat Debi ou ap bezwen itilize yon Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl (NIP). Pou kreye NIP sa a rele liy TeleBenefits nou an nan (302) 761-6576 ou 1-800-794-3032.

Si ou te sètifye reklamasyon ou lan oswa verifye sitiyasyon reklamasyon benefis UI ou yo ak TeleBenefits oswa WebBenefits deja, ou deja gen yon NIP epi ou ka itilize li pou enskri pou Depo Dirèk.

DEPO DIRÈK

DEPO DIRÈK BENEFIS UI – ENSTRIKSYON

Divizyon an ofri Depo Dirèk pou benefis UI nouvo moun k ap fè reklamasyon ak sa yo ki egziste deja. Ak Depo Dirèk peman benefis UI chak semèn ou yo prale sou kont kouran oswa kont depay ou pa mwayen elektwonik depi bank ou a ap patisipe nan pwogram Depo Dirèk nan.

DEPO DIRÈK (SWIVI)

Se responsablite ou pou verifie bank ou aksepte Depo Dirèk sou kont ou a. Kèk bank ak koperatif kredi p ap aksepte Depo Dirèk oswa ap egzije ou itilize yon nimewo kont espesyal pou Depo Dirèk. Anpil kont envestisè p ap aksepte okenn tranzaksyon elektwonik.

KI BENEFIS KI GENYEN NAN DEPO DIRÈK?

- Depo Dirèk pi rapid. Li elimine reta ou t ap genyen ak sèvis lapòs lè yo voye chèk papye UI ba ou.
- Depo Dirèk gen plis sekirite. Li elimine risk pou ou pèdi chèk sou papye oswa voye li nan yon move adrès.
- Depo Dirèk pi pratik. Li elimine bezwen pou ale labank oswa kanpe nan liy pou chanje oswa depoze chèk benefis UI ou a.
- Depo Dirèk gratis. Ou pa gen senk kòb pou peye pou itilize sistèm transfè elektwonik la.

JAN POU ENSKRI

Depo Dirèk se yon fason ki pratik, san danje ou ka depann sou li pou resevwa benefis UI ou yo. Si ou ap depoze yon nouvo reklamasyon ou entènèt ou ka mete enfòmasyon Depo Dirèk dirèkteman sou aplikasyon an.

POU KÒMANSE, KANPE, OSWA CHANJE DEPO DIRÈK (epi kisa pou ou fè apre lè sa a?)

Konekte sou sit entènèt Divizyon an sou <http://ui.delawareworks.com/> chwazi "Unemployment Insurance" (Asirans Chomaj), apres a chwazi "Enroll in Direct Deposit" (Enskri Nan Depo Dirèk) anba "Information" (Enfòmasyon) sou bò goch ekran òdinatè a.

- Pou enskri sou entènèt ou ap bezwen bay:
- Nimewo sekirite sosyal ou,
- Nimewo woutaj/tranzit nèf chif bank la,
- Nimewo kont kouran/depay ou a (jiska 17 chif), ak
- Lisans chofè eta a te ba ou oswa yon kat idantifikasyon ou te fè nan biwo ajans yo bay lisans pou kondwi yo.

NOU GARANTI OU ENFÒMASYON KONT DEPO DIRÈK OU AP RETE SEKRÈ.

KILÈ DEPO DIRÈK AP FINI?

Depo Dirèk la ap aktif jiskaske ou chanje oswa anile reklamasyon benefis UI ou a amwenske ou ranpli sou entènèt fòm "Cancellation of Direct Deposit Enrollment of Benefit Payment" (Anile Enskripsyon Nan Depo Dirèk Pou Peman Benefis" kote ou klike bouton ki di "Cancel Direct Deposit" (Anile Depo Dirèk) a. Menm si ou retounen travay pandan yon moman epi ou apres a ou relouvri reklamasyon UI ou a paske ou vin p ap travay ankò, Depo Dirèk la ap rete aktif sou reklamasyon ou lan. Benefis ou touche sou yon nouvo reklamasyon oswa youn ou relouvri pral dirèkteman sou kont nou genyen pou ou a amwenske ou rete li oswa ou chanje enfòmasyon kont la.

Nenpòt chanjman nesèsè ki fèt nan enfòmasyon sou kont ou ak/ou bank ou dwe fèt sou entènèt. Pou fè sa ranpli yon nouvo fòm "Authorization for Direct Deposit of Benefit Payments" (Otorizasyon Pou Depo Dirèk Pou Peman Benefis) epi soumèt li. **Nou p ap aksepte chanjman nan enfòmasyon sou kont ou ak/ou bank ou pa lapòs oswa pa telefòn.** Si ou fè chanjman nan enfòmasyon sou kont ou ak/ou bank ou, l ap pran jiska twa (3) semèn pou fin fèt. Pandan peryòd sa a, y ap voye yon chèk papye ba ou pa lapòs pou peman benefis chak semèn ou yo.

Tanpri vizite <http://ui.delawareworks.com/> pou "Frequently Asked Questions" (Kesyon Moun Poze Souvan) sou Depo Dirèk.

KAT DEBI

Kat Kredi Benefis UI - Enstriksyon

Divizyon an ofri Kat Debi kòm yon opsyon pou resevwa benefis UI chak semèn ou yo. Lè ou enskri pou Kat Debi a, y ap voye premye peman ou an sou yon chèk pa lapòs. Pandan tan sa a, n ap voye enfòmasyon nou bezwen nan menm ou pou kreye kat debi a nan men konpayi ki bay kat debi yo. Nan 5-7 jou ou ap resevwa yon kat debi, yon feyè enfòmasyon ki gen enfòmasyon detaye sou "Jan Pou Itilize Kat Ou a" ak yon "Feyè Enfòmasyon" pa lapòs. Kou ou resevwa pake sa a,

AKTIVE KAT OU A TOUSWIT!

Ki benefis ki genyen ak yon Kat Debi?

- Yon Kat Debi fasil epi ou ka jwenn peman ou byen vit san ou pa bezwen kanpe nan liy pou chanje oswa depoze yon chèk.
- Yon Kat Debi pratik - li pèmèt ou retire lajan sou machin ATM 24 sou 24 epi ou ka achte nenpòt kote yo aksepte kat debi Visa.
- Yon Kat Debi ede ou ekonomize lajan paske ou pa nan peye frè pou chanje chèk ak mandan (money order).
- Yon Kat Debi swiv konbyen ou ap depanse - enfòmasyon sou kont ou ak sèvis kliyantèl gratis 24 sou 24.
- Yon Kat Debi ou ka fè konfyans - resevwa peman ou atan - pa gen chèk k ap pèdi oswa yo vòlè.
- Anons sou kont ou - ou ka chwazi pou resevwa anons pou fèk konnen lè yo fè yon depozit sou kont ou a.

Jan Pou Enskri

Yon kat debi se yon fason ki pratik, san danje ou ka depann sou li pou resevwa benefis UI ou yo. Si ou ap depoze yon nouvo reklamasyon ou entènèt ou ka chwazi Kat Debi sou aplikasyon an.

Si ou gen kesyon sou jan pou aktive yon kat debi, kat yo vòlè oswa ki pèdi, tarif ki asosye ak kat debi a, eksetera, ou dwe kontakte konpayi kat debi a. Tanpri vizite <http://ui.delawareworks.com> pou "Frequently Asked Questions" (Kesyon Moun Poze Souvan) pou enfòmasyon pou kontakte bank la.

DWA POU FÈ APÈL

APÈL LA

Si ou pa dakò ak detèminasyon monetè a, oswa si ou pa dakò ak yon detèminasyon ki di ou pa kalifye oswa diskalifye pou resevwa benefis, ou kapab mande yon jijman demann yon jij apèl. Ou ka soumèt yon demann pou yon jijman an pèsòn oswa ou ka ekri biwo lokal ou a pou mande youn. Demann pou Apèl dwe fèt an pèsòn nan biwo lokal la oswa gen so lapòs avan dis jou apre dat Avi Detèminasyon an.

**KONTINYE DEPOZE REKLAMASYON POU BENEFIS UI
TOUTOTAN OU P AP TRAVAY!**

Menm pandan apèl ou a, kontinye depoze reklamasyon pou benefis UI chak semèn ou a epi fè sa ou konnen pou ou rete kalifye pou benefis UI ou yo (**gade "Rete Kalifye Pandan ou ap Resevwa Benefis ou yo" sou paj 24**). Nenpòt lè pandan demach pou apèl la, si yo detèmine ou kalifye pou resevwa benefis, ou ap resevwa benefis sèlman pou semèn ou te depoze reklamasyon ou yo epi ou te satisfè tout egzijans pou kalifikasyon. Se menm bagay la menm si ta gen yon lòt apèl ansyen kote ou t ap travay la ak Divizyon an ap depoze.

DWA POU FÈ APÈL (SWIVI)

PWOGRAM APÈL LA

Jeneralman, yon apèl pwograme nan detwa semèn apre yo depoze dokiman pou mande apèl la. Y ap voye yon Avi Jijman bay tout moun ki enplike ki genyen lè, dat, adrès ak koze pou diskite pandan apèl la. Ou ka mande pèmasyon pou patisipe nan jijman apèl la pa telefòn. Gen enfòmasyon sou jan pou patisipe pa telefòn nan Avi Jijman an.

Tout demann pou re-pwograme yon jijman devan Lower Authority Appeals (Depatman Apèl Nan Otorite Pi Ba) dwe fèt omwen twa jou avan jijman an. Ou menm, ansyen kote ou te travay la oswa Divizyon an ka mande pou re-pwograme apèl la. Si ou ekri pou soumèt demann pou re-pwograme apèl ou a, mete non konplè w, adrès ak nimewo telefòn ou, ansanm ak nimewo Sekirite Sosyal ou. Si li posib, mete kèk lòt dat k ap bon pou ou tou. Tanpri sonje pou ou kenbe yon kopi lèt la pou ou. Voye lèt ou a bay:

Depatman Travay
Divizyon Asirans Chomaj
Lower Authority Appeals Unit
P.O. Box 9950
Wilmington, Delaware 19809
Telefòn: (302)761-8418
Faks: (302)761-6635

PREPARASYON POU JIJMAN AN

Avan jijman an, ou kapab vle prepare not sou enfòmasyon enpòtan ki gen pou wè ak dosye ou la (pa egzanp dat yon seri bagay te pase, eksetera) pou pale nan jijman an. Ou dwe mande moun ki konnen dosye ou la yo menm (pa al mande moun yon lòt moun kapab te pale sou dosye ou la) pou prezante kòm temwen ou. Jeneralman ou p ap ka itilize deklarasyon ki siyen kòm prèv amwenske moun ki siyen yo ap nan jijman an pou temwaye yo menm. Yon jij ka voye dokiman pou egzije moun prezante nan jijman an si li nesèsè. Kontakte Depatman Apèl Pou Otorite Pi Ba a omwen dis jou avan jijman an pou mande dokiman sa a (gade enfòmasyon pou kontakte ki pi wo a).

Si ou gen bezwen espesyal, tankou yon entèprèt tanpri kontakte Depatman Apèl Pou Otorite Pi Ba a omwen sèt jou avan jijman ou lan. Ou dwe konsidere anboche yon avoka pou reprezante ou si ou gen mwayen pou fè sa.

Ou dwe gen twa kopi nenpòt dokiman ou vle fè pati dosye ofisyèl apèl ou a: youn pou ou menm, youn pou kote ou te travay la, ak youn pou jij apèl k ap jije ka a. Vini ak yon kaye ak kreyon pou pran nòt pandan jijman an. Nòt sa yo ap ede ou sonje temwayaj ki te fè lè se tou pa ou pou poze temwen a (yo) kesyon.

JAN JIJMAN AN MACHE

Menmsi jijman an pa yon pwosè, se yon pwosesis administratif ki plizomwen fòmèl. Objektif li se jwenn enfòmasyon ki vrè epi rezoud pwoblèm ant ou menm ak ansyen kote ou t ap travay la ak petèt Divizyon an li menm. Temwen yo sèmante, temwaye, epi reponn kesyon devan jij Apèl sou temwayaj yo. Chak bò prezante vèsyon pa li sou sa ki te pase. Jijman an anrejistre epi y ap mete temwayaj ki anrejistre ansanm ak dokiman ak lòt prèv kòm pati fòmèl dosye apèl ou a.

Nan kòmansman an, jij apèl la ka eksplike ou dwa ou yo, pwosesis jijman an li menm, epi l ap reponn nenpòt kesyon ou ka genyen sou pwosedi a. Tout moun ki enplike ap sèmante, oswa afime obligasyon yo genyen, pou bay laverite pandan y ap temwaye.

DWA POU FÈ APÈL (SWIVI)

Jij apèl la ap poze moun ki gen obligasyon pou bay prèv yo kesyon. Y ap detèmine moun ki gen obligasyon pou bay prèv la dapre pwoblèm ki gen pou rezoud la. Pa egzanp, si pwoblèm nan se sou "revokasyon" moun k ap fè reklamasyon an, se kote l t ap travay la ki gen obligasyon pou bay prèv. Men si pwoblèm nan se pou konnen si moun k ap fè reklamasyon an te "kite" oswa kite travay la ak volonte pa li san li pa te gen yon bon rezon, se moun k ap fè reklamasyon an ki gen obligasyon pou bay prèv. Si nou tou de gen obligasyon pou bay prèv, ou ap temwaye epi y ap poze ou kesyon avan. Nan fen peryòd y ap poze kesyon an, ou ap gen yon chans pou eksplike nenpòt repons ou te bay oswa bay plis enfòmasyon ou panse ap nesèsè.

Aprè ou fini ak temwayaj ou a, kote ou te travay la ap gen chans pou poze ou kesyon menm jan ak jij apèl la epi petèt yon reprezantan Divizyon. Yo rele sa kont-entèwogatwa. Lè jij apèl la, kote ou te travay la, oswa yon reprezantan Divizyon an fin poze ou kesyon, epi ou pa gen okenn enfòmasyon pou ajoute ankò, ou ap rele temwen ou la (yo), si ou genyen.

Ou dwe pre pou poze temwen ou an (yo) kesyon, paske se ou sèl ki konnen ki enfòmasyon jij apèl dwe tande yo pale. Jij apèl la, kote ou t ap travay la, epi petèt reprezantan Divizyon an ap gen okazyon pou poze temwen ou yo kesyon.

Aprè ou fin ofri tout prèv ou yo, jij apèl la ap poze temwen kote ou t ap travay la oswa Divizyon an kesyon. Temwen kote ou t ap travay la ap gen chans eksplike repons ou oswa ba ou plis enfòmasyon. W ap ka poze anplwayè a, ak nenpòt lòt temwen pa li ak nenpòt temwen Divizyon an kesyon. Jij apèl la ap fèmen jijman an lè tout moun te bay tout enfòmasyon yo vle mete nan dosye a.

APRE JIJMAN AN

Aprè jijman an, y ap voye yon desizyon jij apèl la pa lapòs bay tout moun ki enplike yo. Ou menm ak nenpòt moun ki enplike nan jijman an kapab depoze yon apèl bay Unemployment Insurance Appeal Board (UIAB) - Komite Apèl Asirans Travay la si yo pa dakò ak desizyon an. Apèl la dwe depoze nan UIAB avan dis jou apre dat jij apèl la te voye jijman an pa lapòs la. Ou dwe bay yon rezon byen klè pou di rezon ou ap fè apèl la, pa egzanp, di pwoblèm espesifik yo. Pwosedi pou depoze apèl la menm ak sa pou Depatman Apèl Pou Otorize Pi ba a.

UIAB ap fè yon revizyon administratif final ka ou a. UIAB pa fè jijman pou tout demann pou apèl. Nan pifò ka yo regle yo dapre yon revizyon: dosye fòmèl jijman an ak jij apèl la; desizyon jijman apèl la; ak lwa ki gen pou wè ak sitiyasyon an.

Ou ka fè yon apèl kont desizyon UIAB devan Kou Siperyè. UIAB a ap di ou kijan pou ou depoze yon apèl konsa lè ou resevwa desizyon li. Ou ka fè yon apèl kont desizyon Tribinal Siperyè a devan Tribinal Siprèm Delaware a.

Si detèminasyon final nan ka ou la se ou gen dwa pou resevwa benefis, ou ap responsab pou reapeye tout benefis ou te resevwa dapre lwa Delaware. Sonje byen, divizyon an **oblije devan lalwa** rekipere lajan an nan men ou menm si se Divizyon an ki te fè yon erè lè yo te peye w.

RESPONSABILITE POU PEYE TAKS SOU BENEFIS YO

Ou kapab bezwen **peye taks** sou benefis UI resevwa yo si yo yon sèten kantite, swa poukont yo oswa ansanm ak lòt lajan ou ap fè, k ap fè ou oblije deklare taks sou enpo.

Menm si yo p ap retire taks eta sou peman benefis UI ou yo, ou kapab chwazi pou yo retire taks federal sou chèk ou yo a yon to fiks pou 10%. Y ap ba ou yon relve sou benefis ou yo, yon Fòm 1099-G, ki montre benefis ou te touche yo ak taks yo te retire yo. Sèvis Revni Entèn nan ap resevwa menm enfòmasyon an.

Se responsablite ou pou detèmine kantite taks ou a epi peye kantite ou gen pou peye a nan deklarasyon taks sou revni eta ak federal chak ane a. Pou fè sa ou ap itilize enfòmasyon yo te ba ou sou Fòm 1099-G Divizyon an ap ba ou nan fen janvyè a. Sèvis Revni Entèn nan ap resevwa yon kopi fòm sa a tou. Eta ki peye a ap deklare benefis ou touche nan reklamasyon ant eta bay Sèvis Revni Entèn nan.

Pa bliye ekri biwo lokal UI ou a pou fè yo konnen si adrès ou chanje. Si ou gen kesyon sou kantite peman ki nan lis 1099-G a, ou ka rele Divizyon an nan (302) 761-8484 pou yo ede w. Mande pou pale ak yon Espesyalis Kontabilite Benefis.

Tout kesyon ou genyen sou deklarasyon taks revni federal poze Sèvis Revni Entèn nan yo, epi tout kesyon sou deklarasyon taks revni eta poze Eta Delaware, Divizyon Revni yo.

TANPRI GADE KOPI PIBLIKASYON 905 SA A SÈVIS REVNI ENTÈN TE PIBLIYE SOU RESPONSABILITE W POU PEYE TAKS FEDERAL

PUBLICATION 905
Department of Treasury
Internal Revenue Service

"UNEMPLOYMENT COMPENSATION: IT'S TAXABLE (KONPANSASYON POU CHOMAJ : OU DWE PEYE TAKS SOU LI)

Eske ou te konnen ou dwe peye taks sou konpansasyon chomaj ou resevwa? Si ou resevwa revni sa a ou ap bezwen deklare sou taks ak taks sou revni.

W ap konpansasyon chomaj nan revni total ou pou detèmine si ou oblije deklare taks. Y ap eksplike ou egzijans pou deklare yo nan Fòm 1040 ak Fòm 1040a epi nan Piblikasyon 501, *Exemptions, Standard Deduction, and Filing Information* (Enfòmasyon sou Egzanpsyon Dediksyon Estanda, ak Jan Pou deklare).

Pou aprann plis sou yon estimasyon taks ou gen pou peye ak jan pou ou peye li a rele oswa vizite biwo lokal IRS ou a oswa rele 1-800-829-1040 pou asistans. Pou kòmande piblikasyon 505, *Tax Withholding and Estimated Tax* (Dediksyon ak Estimasyon Taks) Fòm 1040-ES, and Piblikasyon 501, rele 1-800-TAX-FORM (1-800-829-3676).

Kontakte biwo taks sou revni eta ou a sou tretman konpansasyon pou chomaj pou kesyon taks sou revni eta.

Akwonim Asirans Chomaj Itilize Souvan

AC	Additional Claim (Reklamasyon Adisyonèl)
BPC	Benefit Payment Control (Kontwòl Peman Benefis)
BYE	Benefit Year Exhaustion (Ou Itilize Tout Benefis Pou Ane a)
DET ou E&T	Division of Employment & Training (Divizyon Travay & Fòmasyon)
DOL	Department of Labor (Depatman Travay)
DVR	Division of Vocational Rehabilitation (Divizyon Reyabilitasyon Vokasyon)
FC	Fund Code (Kòd Fon)
IA	Industrial Affairs (Afè Endistriyèl)
LO	Local Office (Biwo Lokal)
MBA	Maximum Benefit Amount (Maksimòm Kantite Benefis)
OC	Original Claim (Reklamasyon Orijinal)
OP	Overpayment (Peman Ki Twòp)
QC	Quality Control (Kontwòl Kalite)
RA	Random Audit (Odit Owaza)
REA	Reemployment and Eligibility Assessment Program (Pwogram Evalyasyon Pou Retounen Travay ak Kalifikasyon)
RES	Reemployment Service Program (Pwogram Sèvis Pou Retounen Travay)
UI	Unemployment Insurance (Asirans Chomaj)
UIAB	Unemployment Insurance Appeal Board (Komite Apèl Asirans Chomaj)
WBA	Weekly Benefit Amount (Kantite Benefis Pa Semèn)
WW	Waiting Week (Semèn Atant)

JOURNAL RECHÈCH TRAVAY

Dat	Non, Adrès & Nimewo Telefòn Kote ou te kontakte pou travay	Mwayen ou te Itilize pou Kontakte yo	Rezilta	Position ou te Aplike a

KALANDYE SALÈ

Dimanch	Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi	Samdi	Total ou ap fè rapò a
Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Total èdtan ou travay pa semèn _____ x To Peman \$ _____ = \$ _____ Total Rapò Nan Dimanch
Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Total èdtan ou travay pa semèn _____ x To Peman \$ _____ = \$ _____ Total Rapò Nan Dimanch
Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Total èdtan ou travay pa semèn _____ x To Peman \$ _____ = \$ _____ Total Rapò Nan Dimanch
Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Total èdtan ou travay pa semèn _____ x To Peman \$ _____ = \$ _____ Total Rapò Nan Dimanch
Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____	Total èdtan ou travay pa semèn _____ x To Peman \$ _____ = \$ _____ Total Rapò Nan Dimanch

KALANDYE SALÈ

Dimanch	Lendi	Madi	Mèkredi	Jedi	Vandredi	Samdi	Total ou ap fè rapò a
Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Total èdtan ou travay pa semèn _____ x To Peman \$ _____ = \$ _____ Total Rapò Nan Dimanch
Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Total èdtan ou travay pa semèn _____ x To Peman \$ _____ = \$ _____ Total Rapò Nan Dimanch
Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Total èdtan ou travay pa semèn _____ x To Peman \$ _____ = \$ _____ Total Rapò Nan Dimanch
Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Total èdtan ou travay pa semèn _____ x To Peman \$ _____ = \$ _____ Total Rapò Nan Dimanch
Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Dat _____ # èdtan ou te travay _____ _____	Total èdtan ou travay pa semèn _____ x To Peman \$ _____ = \$ _____ Total Rapò Nan Dimanch



W ap jwenn videyo ki bay enfòmasyon sou entènèt nan:

<http://ui.delawareworks.com/>

- ❖ Entwodiksyon Sou Benefis Asirans Chomaj (Kalifikasyon)
- ❖ Jan Pou Chèche Travay
- ❖ Jan Pou Bay Rapò Sou Revni oswa Salè
- ❖ Konsekans Lè ou Touche Twòp